ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№215-216 (23.124) ● 2015 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 7, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## «Урысей зэкъуэтыр» адрейхэм щапхъэ яхуохъу

● Политикэ партхэм

**«Урысей зэкъуэт» политикэ партым хэт цIыху мини 3-м нэблагъэ щызэхуэсынущ партым и щIыналъэ къудамэхэм я секретархэм щэкIуэгъуэм и 12-м Москва щрагъэкIуэкIыну я зэIущIэм.**

«УРЫСЕЙ зэкъуэтым» хэтхэр тепсэлъыхьынущ илъэс къакIуэ накъыгъэм и 22-м хэхыныгъэхэм ипэ къиихуэу партхэм щхьэкIэ къызэрагъэпэщ IэIэтыр зэрекIуэкIынум, Iулъхьэм зэрыпэщIэтыну хабзэм щIэуэ халъхьэм.

ЩIыналъэ къудамэхэм я секретархэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, ФедерацэмкIэ Советым и лIыкIуэхэр хэтынущ а зэIущIэм. Абы къыщыпсэлъэнущ «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщI **Медведев Дмитрий**.

- Партым и Iэтащхьэм къыхилъхьауэ дэ япэу идогъэкIуэкI щIыпIэ къудамэхэм я секретархэр зыхэтыну зэIущIэ, - жиIащ «Урысей зэкъуэтым» и Совет Нэхъыщхьэм и секретарь **Неверов Сергей**. Абы къыхигъэщхьэхукIащ Къэрал Думэр хахын и пэ къиихуэу партхэм щхьэкIэ IэIэт егъэкIуэкIыным епхауэ къыкъуэкIынкIэ хъуну Iуэхугъуэхэм щIыналъэхэм щылажьэ я къудамэхэр хуагъэхьэзырын зэрыхуейр.

Политикэ эксперт гупым и унафэщI **Колачёв Константин** къелъытэ щIыналъэ къудамэхэм я секретархэм я зэхыхьэр мы партым и пашэхэми къащхьэпэну.

- «Урысей зэкъуэтым» и унафэщIхэмкIи секретархэр зыхэтыну зэIущIэр сэбэп хъунущ, хэгъуэгухэм щекIуэкI лэжьыгъэр къащIэнущи.

ЗэIущIэр щхьэпэнущ «Урысей зэкъуэтым» хэтхэр нэхъри зэкъуэувэнымкIэ, - жиIащ Колачёвым.

**ГЪУЭТ Синэ.**

## КъБР-м и Правительствэм

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Iуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

## Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм къытоувыIэ

АБЫ къыщащтащ КъБР-м и Правительствэмрэ «ВТБ 24» банкымрэ зэдэлэжьэным теухуауэ зэраухылIэну зэгурыIуэныгъэм и проектыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Наследие» къэрал IуэхущIапIэр зэхуэщIыжыным теухуа унафэм къызэхуэсахэр арэзы техъуащ. IуэхущIапIэм и ныкъусэныгъэхэр къыщIигъэщащ Къэзыпщытэ-къэзызыбж палатэм.

Къару имыIэжу къалъытащ «Высокогорный научно-исследовательский испытательный центр авиационной техники и вооружения» IуэхущIапIэр зэхуэщIыжыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м къищтауэ щыта унафэм. IуэхущIапIэм дяпэкIэ лэжьыгъэ къритынущ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм.

Къат куэду зэтет унэхэр зи нэIэ щIэт IуэхущIапIэхэм коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ я уасэр егъэтынымкIэ, кредит щIыхуэр егъэпшыныжынымкIэ къызэрагъэпэща правительствэ комиссэм хэтынухэр ягъэбелджылащ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «КъБР-м и цIыхухэм псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным и IуэхукIэ» КъБР-м и къэрал программэм. Ар теухуащ кхъахэ хъуа унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным, узыщIэс хъунухэр зэгъэпэщыжыным хухэхауэ республикэм игъэбелджыла программэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэриIам. Къэрал программэм хагъэхьащ КъБР-м и ЖКХ-м электрокъарур зэрызригъэзахуэм теухуар. Абы текIуэдэну мылъкум къыхэхъуэнущ федеральнэ ахъшэу сом мелуан 222-рэ, бюджетым щымыщ ахъшэу - сом мелуани 147-рэ, унэхэм щыпсэухэм зэхалъхьауэ - сом мелуани 6,3-рэ. Абы ипкъ иткIэ, республикэ бюджетым щыщу абы кIуэуэ щыта мылъкур зэгъэззэхуа хъунущ сом мелуани 152-рэ хуэдизкIэ, муниципальнэ бюджетыр - сом мелуан 46,7-кIэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и коллегиемрэ Гулъынтхуэ узыфэхэм пэщIэтыным и илъэсыр езыгъэкIуэкIыну комитетымрэ хэтынухэр щIэуэ ягъэбелджылыжащ.

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** тепсэлъыхьащ балигъыпIэ имыувахэм квотэкIэ IэнатIэ етыным, радиацэр зэран къызыхуэхъуахэм ахъшэкIэ ядэIэпыкъуным, ныкъуэдыкъуэхэм зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным теухуауэ щIэуэ яхузэфIэкIынум.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

## Къапэщылъыр мащIэкъым

● Дыгъуасэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм мы илъэсым и мазибгъу пIалъэм зэфIигъэкIахэм теухуа зэIущIэ щэкIуэгъуэм и 6-м ирагъэкIуэкIащ.**

АБЫ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэ **Пащты Борис**, республикэм щылажьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъ инхэм я тхьэмадэхэр, управленэм и лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Мылъку къегъэщIыным пымыщIауэ КъБР-м щыIэ IуэхущIапIэхэм ират къэрал дэIэпыкъуныгъэм, ар абыхэм къызэрагъэсэбэпым, щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр егъэфIэкIуэнымкIэ ялэжьхэм, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм, хэкужьым къэIэпхъуэжахэм ехьэлIауэ Iуэхугъуэхэр зэIущIэм къыщагъэлъагъуэри, а унэтIыныгъэхэр зэрегъэфIэкIуапхъэ IэмалхэмкIи зэчэнджэщащ.

2015 гъэм и мазибгъу пIалъэм къриубыдэу управленэм зэфIигъэкIахэм коллегием хэтхэр арэзы техъуащ.

ЗэIущIэм теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым фыкъыщеджэ хъунущ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Щэнхабзэ



## ЦIыкIухэр щогуфIыкI

**Къалмыкъ Юрэ и цIэр зэрихьэу шэрджэс щэнхабзэм телажьэ «Адыгэхэр» фондым къыдигъэкIащ нарт эпосыр и лъабжьэу сабийхэм щхъуэкIэплъыкIэу ялэжыну сурэтхэр зэрыщIыхьа тхылъ цIыкIу.**

СОСРЫКЪУЭ, Батэрэз, Бэдынокъуэ, Ашэмэз, Лъэпщ, Сэтэней, Iэдииху, Мэлычыпхъу, Иныжь, КъуийцIыкIу сымэ я теплъэр ищIащ сурэтыщI Битиров Эдуард. Тхылъыр зи ныбжьыр школ кIуэгъуэм нэмыса цIыкIухэм ятещIыхьащ, арщхьэкIэ къытщохъу абы пэщIэдзэ классхэм щеджэ ныбжьыщIэхэри дихьэхыну. Мы лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ сабийхэм пасэу зрагъэцIыхуфынущ нартхэр - тхылъым къыщокIуэ абыхэм я гъащIэм теухуа хъыбар кIэщIхэр.

Фондым тхылъыщIэм щыщ Iыхьэфl, къэрэндащ зэмыфэгъухэр щIыгъуу, псапэу щагуэшыну республикэм къригъэшащ. Тхылъ бжыгъэ къагъэхьам и ныкъуэр Сирием къиIэпхъукIыжауэ «Тэрч» санаторэм щIэс цIыкIухэмрэ республикэм и къуажэхэм хагъэтIысхьэжахэм я сабийхэмрэ иратащ. Плъагъун хуейт абыхэм я гуфIэгъуэр! Сабийхэр занщIэу етIысылIат тхылъ цIыкIур щIапщытыкIыну.

«Адыгэхэр» фондым къыхилъхьа Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Я гъащIэр нэхъ щыгугъу дыдэ, щыхэплъэгъуэ зэманми цIыкIухэр хуэхьэзырт дунейр нэхъ кууэ зэрызрагъэцIыхунум. АбыкIэ ахэр зыхуейр мащIэ дыдэт: къэрэндащхэмрэ сурэтхэр зэрыщIыхьа тхылъ цIыкIухэмрэт.

ДызэрыщыгъуазэмкIэ, тхылъ цIыкIухэм адрей я Iыхьэр трагуэшэнущ Нарткъалэрэ Зеикъуэрэ дэт интернатхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм щыщ сабийхэм, даун узыфэ зиIэ цIыкIухэм.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **БИТОКЪУ Маринэ** *ейщ*.



● Прохладнэ щIыналъэ

## КъэгъэкIыгъуафIэ икIи щэгъуафIэ

**Солдатскэ жылагъуэм щыIэ «Меркурий» мэкъумэш IуэхущIапIэм бжьыныр кърихьэлIэжащ.**

ФОКIАДЭ мазэм хаса гектар 60-р яхуэбэгъуащ икIи зы гектарым хуэзэу тонн 50 къытрахащ.

«Бжьыхьэсэ бжьыныр бгъэтIылъ зэрымыхъум къыхэкIыу, губгъуэм къидмыш щIыкIэ тщащ, - жеIэ хозяйствэм и унафэщI икIи бжьын хэсэным япэу иужь ихьа **Къанэмэт Аслъэн**.

Гъатхасэу яIэщ гектар 20. Ар бгъэтIылъмэ, хъарзынэу гъэ щIэкIынущ. Абы къыхэкIыу хадэхэкI хъумапIэ яухуэну загъэхьэзыр икIи я мурадщ мы илъэсым хаса гектар бжыгъэм етIанэгъэ хагъэхъуэну. Къанэмэтым хъэрхуэрэгъухэр и Iуэхум зэран къыхуэхъуу гу лъитакъым - сыт хуэдэ ерыскъыми халъхьэ мы хадэхэкIыр щэгъуафIэщ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Промышленность

## И зэфIэкIым хегъахъуэ

**НэгъуэщI къэралхэм къыщащэху продукцэр зэзыхъуэкIыфын къэлэжьыным и зэфIэкI псори ирехьэлIэ «Кавказкабель» ЗАО-м.**

МЫ ЗАВОДЫМ «Урысейм и предприятэ нэхъыфIу 1000», «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» урысейпсо зэпеуэхэм бжыыпэр мызэ-мытIэу щиубыдащ. Апхуэдэу къыхуагъэфэщащ «Коммерцэ Iуэхум щиубыда лъагапIэм» дунейпсо саугъэтыр (Испанием ейщ).

Ди республикэм и промышленнэ, мэкъумэш, энергетикэ, ухуэныгъэ IэнатIэхэр кабель продукцэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр и къалэн нэхъыщхьэу 1976 гъэм къызэIуахауэ щыта заводыр нобэ ядолажьэ Урысей экономикэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI IэнатIэ абрагъуэхэм: «Лукойл», «РЖД», «Роснефть» ОАО-хэм. «Кавказкабель»-м къыщIигъэкI кIапсэ лIэужьыгъуэхэм фIагъкIэ япэхъун мы зэманым къэгъуэтыгъуейщ. Ар куэдкIэ я фIыгъэщ ЗАО-м и IэщIагъэлIхэмрэ дуней псом щынэхъыфI IэмэпсымэхэмрэзэриIэм. Мыбы къыщыщIагъэкI машиностроением, радиоэлектроникэм, нэгъуэщI IэнатIэхэми къыщагъэсэбэп кабель лIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэщ къапщтэмэ, мафIэм имыс, пластмассэ зытегъэлъэда, вольтышхуэм хуэщIа телефон, микрофон, монтажнэ, сигнальнэ кIапсэхэр. Ахэр емыфIэкIмэ, къакIэрыхуркъым нэгъуэщI къэралхэм щащIхэм.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## КъБР-м и Оперативнэ штабым цIыхухэр сакъыну къыхуреджэ

**Оперативнэ штабым фигу къегъэкIыж махуэшхуэ дауэдапщэхэм цIыху куэд зэрыхэтынум къыхэкIыу терроризмэм и Iэужьхэр къамыгъэхъуным пыщIа Iуэхухэр гъэзэщIэн зэрыхуейр. Зыщывмыгъэгъупщэ транспортым, нэгузыужь Iуэхухэр къыщызэрагъэпэщ щIыпIэхэм терроризмэм и шынагъуэм зэрызыщахъумэ хабзэхэр.**

ХЬЭПШЫП гуэр здэщымылъыпхъэм щылъу флъэгъуамэ, гулъытэншэу къэвмыгъанэ. Абы фемыIусэ, къэвгъуэтар зэкIуэцIыфхыну фыхуемыжьэ, сыту жыпIэмэ къагъауэ пкъыгъуэхэри апхуэдэу щагъэтIылъ щыIэщ. Абы папщIэ къызэрыгуэкI хъуржынхэр, тхылъымпIэ пхъуантэхэр, сабийхэр зэрыджэгу Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщIхэри къыщагъэсэбэп щыIэщ.

Шэч уэзыгъэщI цIыхухэр, здамыгъэувыпхъэм щыт транспортыр флъэгъуамэ, зыхуэфащэ IэнатIэхэм хъыбар евгъащIэ. Абы папщIэ хабзэхъумэ органхэм пIэщIэгъуэкIэ зэрепсалъэ мы телефонхэр къэвгъэсэбэп:

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым - 48-15-48;

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - 48-15-81;

КъБР-м щыIэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;

УФ-м СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и Управленэу КъБР-м щыIэм - 77-64-22;

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - 39-99-99.

***КъБР-м и Оперативнэ штаб.***

## Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 7, *щэбэт***

♦**1917 гъэм екIуэкIа Октябрь революцэшхуэм и махуэщ**
♦**ЦIыхухъухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**1902 гъэм** Урысейм, Тулэ къалэм, къыщызэрагъэпэщащ чэфыр щытрагъэуж IуэхущIапIэ.
♦**1918 гъэм** Совет Урысейм япэ маркэхэр къыщыдагъэкIащ.
♦**1928 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым Акъбащ ГЭС-р лажьэу щаутIыпщащ.
♦**1941 гъэм** Москва и Ут Плъыжьым Дзэ Плъыжьым и парад щекIуэкIащ. Полкхэр абы икIри занщIэу зауэм Iухьащ.
♦Франджы физик, химик цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **Склодовская-Кюри Марие** къызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.
♦Урысей политик **Троцкий Лев** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.
♦Совет тхакIуэ, «Чапаев» роман цIэрыIуэр зи Iэдакъэщ|экI **Фурманов Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.
♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Зелёная Ринэ** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Милляр Георгий** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.
♦Адыгей усакIуэ **ЕхъулIэ Сэфар** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, журналист **ЩоджэнцIыкIу Нурий** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Быгуэ Хьэзрэталий** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэжэр Пётр** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦УсакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Джэдгъэф Борис** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦АР-м и япэ президент, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Джарым Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, АР-м и цIыхубэ артист **Анзорокъуэ Чеслав** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 8, *тхьэмахуэ***

♦**КВН джэгукIэм и дунейпсо махуэщ.** 1961 гъэм Москва и телевиденэм къигъэлъэгъуащ КВН программэм и япэ нэтыныр.
♦**Эстонием щагъэлъапIэ адэхэм я махуэр**
♦**Китайм щыщ журналистхэм я махуэр ягъэлъапIэ**
♦**1895 гъэм** Баварием щыщ физик Рентген Вильгельм къызэIуихащ «рентген бзийхэр».
♦**1917 гъэм** Советхэм я урысейпсо съезд зэхэтащ. Абы къыщащтащ мамырыгъэм, щIым ятеухуа декретхэр, къыщызэрагъэпэщащ ЦIыхубэ Комиссархэм я Совет, Ленин В. И. и пашэу.
♦**1943 гъэм** СССР-м къыщащтащ ТекIуэныгъэ орденымрэ ЩIыхь орденым и нагъыщищымрэ.
♦УсакIуэ, джэгуакIуэ, Ленин орден зрата **Хъэхъупащ|э Амырхъан** къызэралъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.
♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Жыгун Тимэ** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал, къэралым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта **Язов Дмитрий** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦Педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шорэ Ибрэхьим** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Щауэ Iэхьед** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Франджы актёр цIэрыIуэ **Делон Ален** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Политик, жылагъуэ лэжьакIуэ, МАТР-м и академик **Жаным Руслан** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Нидерландхэм щыщ футболист, гъэсакIуэ, Урысейм щIыхь зиIэ и тренер **Хиддинк Гус** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 9, *блыщхьэ***

♦**Фашизмэм, расизмэм, лъэпкъ зэхэгъэж щIыным япэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Радиацэм пэщIэтыным хуэунэтIа акцэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Азербайджаным и лъэпкъ ныпым и махуэщ**
♦**Украин тхыбзэмрэ бзэмрэ я махуэщ**
♦**1911 гъэм** япэ парашютыр ягъэунэхуащ.
♦**1989 гъэм** Берлин зэпэщхьэхуэ зыщIу щыт блыныр къутэн щIадзащ.
♦Адыгей усакIуэ **Хьэлэш Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Красноярск дэт художественнэ институтым и профессор, РАХ-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **Пащты Герман** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 10, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къызэрымыкlуэ щытыкlэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкlуэжынымкlэ, мафlэс шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и комиссэм хэтхэм я Iуэхукlэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2015 гъэм фокIадэм и 30-м Налшык къалэ №222-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къызэрымыкlуэ щытыкlэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкlуэжынымкlэ, мафlэс шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и комиссэм хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къызэрымыкlуэ щытыкlэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкlуэжынымкlэ, мафlэс шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и комиссэм хэтхэм я IуэхукIэ» 2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №108-ПП-м.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

## Октябрь Революцэ иныр нобэ илъэс 98-рэ ирокъу



**Ленин Владимир и псалъэ.**
*Сурэтыр* **Герасимов А. М.** *ищIащ. 1930 гъэ*

● Картинг

## Зэхьэзэхуэм фрагъэблагъэ

**Нарткъалэ дэт «IуащхьэмахуЭ» картодромым щэкIуэгъуэм и 7 - 8-хэм щекIуэкIынущ картингымкIэ КъБР-м и чемпионат зэIухарэ республикэм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэпеуэрэ. Ар къызэрагъэпэщащ МВД-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дзэгуей Хьэфан и фэеплъу.**

УРЫСЕЙ Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэухэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу зэпеуэхэр къызэзыгъэпэщыр УФ-м и ДОСААФ-м и щIыналъэ къудамэу КъБР-м и Аруан районым щыIэмрэ «Эльбрус» спорт-техникэ клубымрэщ.

Зэхьэзэхуэр къызэIуахынущ щэкIуэгъуэм и 8-м сыхьэт 11-м.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЗэкIуэцIыпхауэ щылъ дыгъужьыр тхьэкIумэкIыхьым йощэ.**

# «Езым къыгурымыIуэ мурадхэм папщIэ цIыхум Iэщэ къиштэу нэгъуэщIхэр щIиукIыр сыт?»

## КъБР-м щыIэ МВД-м и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Тату Къазбэч драгъэкIуэкIа интервью

***ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным телажьэ Хьэтэжьыкъуэ Валерий дызэрыт илъэсым и гъэмахуэм къытхуиIуэтэжауэ щытащ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и япэ къуэдзэ Тату Къазбэч тэмэму зэрыдэлажьэр.***

***Иджы КАВПОЛИТ сайтым и корреспондентыр КъБР-м щыIэ МВД-м и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэм епсэлъащ республикэм щыIэ щэхурылажьэ бандэхэм, Налшык гъэмахуэм щрагъэкIуэкIа Iуэху хэхахэм ятеухуауэ икIи яукIа боевикхэм я бжыгъэм тещIыхьауэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм ахъшэ къратрэ кърамытрэ, Сирием щызэуэну кIуахэм я бжыгъэмкIэ, «Къэшыргъэ фIыцIэхэр» гупыр зи щIысымкIэ, КIуащ Тимур и Iуэхур зэрызэхагъэкIымкIэ, нэгъуэщI куэдхэмкIи еупщIащ.***

**- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ щэхурылажьэ щIэпхъаджащIэхэм иджыпсту я щытыкIэм тхутепсэлъыхьыт. Ахэр сыт хуэдэу къызэгъэпэща? Я пашэхэр хэт сымэ?**

- Иджыпсту щэхурылажьэ бандэ гупхэр хабзэ пыухыкIам тету къызэгъэпэщащ, ахэр щIыпIэ-щIыпIэкIэ тегуэшащ - республикэм и гуэшыкIэм тещIыхьауэ.

Зэман зэмылIэужьыгъуэхэм бандэ гупхэр секторкIэрэ - центральнэ, ищхъэрэ-къуэкIыпIэ, ищхъэрэ-къухьэпIэ, ипщэ-къуэкIыпIэ - гуэшауэ щытащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм амир, наIиб жыхуаIэхэр яIэт, дэтхэнэ секторми езым и пашэ иIэжт.

Зэман зэмылIэужьыгъуэхэм боевикхэм я бжыгъэр зэм нэхъыбэ, зэм нэхъ мащIэ хъууэрэ екIуэкIащ, ауэ ахэр 70-м щыщIигъуакъэхъуакъым.

Иджыпсту абыхэм я бжыгъэр 20 нэхърэ нэхъ мащIэщ.

**- Щэхурылажьэ щIэпхъаджащIэхэм зэребэн щIыкIэм зихъуэжрэ? Иджыпсту нэхъыбэу сыт хуэдэ Iэмалхэр къагъэсэбэпрэ? СледствиемкIэ лэжьыгъэхэр, ягъэкъуаншэхэр къэубыдынымрэ гъэтIысынымрэ, абыхэм ятеухуа Iуэхухэр къызэIухыныр къагъэсэбэпрэ? Е лэжьыгъэ хэхахэм япкъ иткIэ ахэр яукIыу ара? Сыт хуэдэ къалэнхэр хуагъэуврэ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм?**

- Iэмалрэ хэкIыпIэу законым къыщыгъэлъэгъуа псори къагъэсэбэп: лэжьыгъэ хэхахэр, оперативнэ-къэлъыхъуэныгъэ Iуэхухэр, щэхурылажьэ щIэпхъаджащIэхэр къэубыдыныр къагъэсэбэп. Щэхурылажьэ бандэ гупхэм ящыщу, абыхэм я дэIэпыкъуэгъуу яубыдахэр уголовнэ жэуапым ирашалIэ.

Ауэ апхуэдэхэр Iэщэ яIыгъыу хабзэхъумэхэм къащыпэщIэувэм деж лэжьыгъэ хэхахэр ирагъэкIуэкI. Хабзэм тету щепсалъэм и деж абыхэм зыкъатын ямыдэмэ, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм Iэщэкlэ къахэуэу щIадзэмэ, апхуэдэхэм деж Iэмал нэхъ ткIийхэр къагъэсэбэп.

Сэбэп хъуну къыщалъытэм деж щIэпхъаджащIэхэм я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ щIэгъэкъуэн къыдощI, Iэмалу щыIэр къыдогъэсэбэп, цIыхухэр псэууэ къызэтенэн папщIэ.

Ауэ зыкъыщатыр зэзэмызэщ. Сэ республикэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэу сызэрылажьэрэ апхуэдэу зэ е тIэу къэхъуауэ къэзгубзыгъыжу аращ.

**- Дызэрыт илъэсым и бадзэуэгъуэ мазэм Налшык апхуэдэ лэжьыгъэ хэха щрагъэкIуэкIащ. Абы теухуауэ социальнэ сетхэм хэIущIыIу ящIа информацэм тепщIыхьмэ, къаухъуреихьу унэм щIаубыдахэр езыхэм я Iыхьлыхэм телефонкIэ епсалъэурэ жраIащ зыкъатыну Iэмал ирамыту, IэщэкIэ къеуэ хуэдэу... ЩIэпхъаджащIэу шэч зыхуащIхэм езыхэм Iэщэ ямыIыгъа хуэдэу ягъэхъыбаращ. Абы нэхъ гурыIуэгъуэу утепсэлъыхьыфыну?**

- Пэжщ, апхуэдэ Iуэху щыIащ. Ауэ псом япэу законым тету зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ.

Зэхэуэр зэфIэкIауэ а щIыпIэр щыщIапщытыкIым, щIэпхъаджащIэхэм яхэту шэч зыхуащIхэм пистолетхэр, автоматхэр, гранатэхэр, шэхэр, нэгъуэщI Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэр яIыгъауэ къыщIэкIащ. Абы къыхэкIыу щIэпхъаджащIэхэм Iэщэ ямыIыгъауэ икIи ди лэжьакIуэхэм къахэмыуауэ жыхуаIэр пэжкъым.

Япэ сыхьэтым щегъэжьауэ дэ дыщыгъуазэт фэтэрым Iэщэкlэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэхэр зэрыщIэсым, ахэр подразделенэ хэхахэм я лэжьакIуэхэм къахэуэу щIадзащ, аращ абыхэм дебгъэрыкIуэн хуей щIэхъуар. Абы къыхэкIыу дэ фэтэрым щIэсхэм я Iыхьлыхэр едгъэпсэлъэну Iэмал дгъуэтыжакъым, я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ шынагъуэ къызэрытехьэнум къыхэкIыу.

**- А зэман дыдэм куэдым жаIэу щытащ апхуэдэ Iуэхухэр егъэкIуэкIыным хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм я фейдэ хэлъу, абыкIэ ахъшэ къалэжь хуэдэу икIи а щхьэусыгъуэм къыхэкIыу лэжьыгъэ хэхахэр абыхэм зэи зэпамыгъэуну...**

- Апхуэдэ лэжьыгъэхэм, апхуэдэу щэхурылажьэ бандэ гупхэм хэтхэр зэраукIым ахъшэ лей къапэкIуэу кърагъэкIуэкIхэр шыпсэщ. А Iуэхухэм папщIэ зыми саугъэт хэхахэр къыхуагъэфащэркъым. Ар махуэ къэс къытпэщыт къалэнщ икIи ахэр зэрагъэзащIэм папщIэ зыри ахъшэкIэ ягъэгушхуэркъым.

Апхуэдэу ягъэхъыбар дзэхэр мыбы зэрыщыIэм фейдэ пылъу. ЩIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ я органхэм я лэжьакIуэхэр Кавказ Ищхъэрэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ пIалъэкIэ къагъакIуэ икIи ахэр ди щIыналъэм хабзэм и хъумакIуэу щыIэхэм хуабжьу къадоIэпыкъу.

Ауэ къэралым а псоми ахъшэ лей зэрытригъэкIуадэм нэмыщI, нэгъуэщI фейдэ лъэпкъ апхуэдэ Iуэхум къыпэкIуэркъым. Аращ лэжьыгъэ хэхауэ нэхъыбэ едгъэкIуэкIыху ди дежкIэ нэхъыфIу зэрыжаIэм лъабжьэ щIимыIэр. Дэ къытхэткъым мамыру, зэгурыIуэу псэуну хуэмей.

**- Ауэ дэ зи гугъу тщIыр къалэн хэхахэр зыгъэзащIэ лэжьакIуэхэрщ, адрейхэм нэхърэ нэхъыбэрэ псэ зэпылъхьэпIэхэм хэхуэхэрщ - зи гъащIэм емыблэжхэрщ. Сыт ахэр ягъэпажэ щIэмыхъур?**

- Дэ тхьэрыIуэ псалъэ дотри, абы тету долажьэ, хабзэ мардэхэм къызэрагъэувым езэгъыу. Хабзэхэр нэсу гъэзэщIэн хуейщ, щытыкIэр зэрызэIыхьам къыхэкIыу террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэм хуегъэза мардэхэр ягъэувамэ, псом хуэмыдэжу а мардэхэр зэман кIыхьым тещIыхьауэ ягъэувамэ. Апхуэдэ Iуэхухэм хэт дэтхэнэ зы лэжьакIуэми террорым пэщIэтынымкIэ хабзэхэр щигъэзащIэ зэманым хиубыдэ дэтхэнэ зы махуэри махуищым пэуву къалъытэ. Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм къыщыхэкIыжым деж апхуэдэ цIыхум къулыкъу зэрищIа зэманыр абы тещIыхьауэ къабжынущ. Ауэ боевикхэр, щэхурылажьэ бандэхэм щыщхэр зэраукIам, апхуэдэхэм я бжыгъэм тещIыхьауэ зыри ягъэпажэркъым. Къытызогъэзэжри, а псори шыпсэщ.

**- Сирием кIуахэм датегъэпсэлъыхьырт. Абыхэм ятеухуауэ фи республикэм официальнэ бжыгъэ гуэрхэр щыIэ?**

- Дэ шэч дощI цIыхуипщI зыбжанэ абы кIуауэ дунейпсо террорист организацэхэм яхэту зауэу икIи апхуэдэ шэчым лъабжьэ пыухыкIахэр иIэщ.

Апхуэдэ цIыхухэм ятеухуауэ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 280-нэ статьям ипкъ иткIэ уголовнэ Iуэхухэр къызэIуахащ. Зым нэгъабэ суд тращIыхьри, илъэсищ тралъхьащ, дунейпсо террорист организацэхэм я лэжьыгъэм зэрыхэтым папщIэ.

**- Сыт хуэдэ цIыху ахэр? Абыхэм я шыфэлIыфэр къыджепIэфын?**

- Ахэр гуп зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщщ. Абыхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтахэр яхэтщ, ахэр социальнэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм хеубыдэ, лэжьапIэншэхэри къадэкIуэу.

Щэхурылажьэ бандэхэм яхэбгъуэтэнущ Москва дэт вузхэр къэзыухахэр, боевикхэм яхэтщ дохутыр IэщIагъэм хуеджэу щыта студентхэр.

ЗанщIэу школыр къызэраухыу щэхурылажьэ гупхэм яхэхуахэри, нэхъ япэкIэ хьэрычэт Iуэху гуэрхэр зэблэзыгъэкIыу щытахэри яхэбгъуэтэнущ.

**- ЩIэныгъэ зыбгъэдэмылъ, хуэмыщIауэ псэу цIыхухэр нэхъ къэгъэдэIуэгъуафIэщ. Ауэ уэ дауэ къэплъытэрэ - щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, зыхуей хуэзэу псэу цIыхухэр абыхэм Iэрыубыд щхьэ ящIыфрэ?**

- Дэ псори зы гъащIэм дыхопсэукI, псоми ди къекIуэкIыкIэр зэтохуэ - садым, школым, институтым докIуэ, псоми ди зэхуэдэ хабзэхэм дакъыхохъукI, ауэ и кIэм деж языныкъуэхэр зы гупым, адрейхэр нэгъуэщI гупым хохуэ.

Щэхурылажьэ бандэхэр къызэрагъэпэщу щыщIадзам, 2005 гъэм япэкIэ, цIыхухэм диным зрату, нэмэз ящIу щытеувам щIалэгъуалэри жыджэру мэжджытхэм екIуалIэу хуежьащ. Абы щыгъуэ жэмыхьэтхэм я амирхэр щыIэ хъуати, зэфIагъэкIа лэжьыгъэм теухуауэ мазэ къэс мыпхуэдэ отчетхэр ятхырт: «Дэ нобэ, Алыхьым и шыкуркIэ, жэмыхьэтым цIыхуитху къыхэдгъэхьащ. А тхум ящыщу тIур цIыху тэмэму къыщIэкIащ, ауэ адрей щыр дяпэкIэ къыдэмыкIуэлIэну яхуэдгъэуващ, муслъымэн нэсу зэрыщымытым е дэ яхуэдгъэувхэр зэрамыгъэзащIэм къыхэкIыу».

Арощи, цIыхуитI къонэ икIи абыхэм текI имыIэу сыт хуэдэ унафэри ягъэзэщIэну хьэзырщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, жэмыхьэтыр зыхуейр куэдым емыгупсысырщ. Амирым жиIар абыхэм я дежкIэ хабзэу щытыпхъэщ икIи ар шэч лъэпкъ къытрамыхьэу къащтэн хуейщ. Амирым и псалъэм шэч къытезыхьэхэр абыхэм зыхагъэхьэнукъым. Арощи, къанэр сыт хуэдэ унафэри зыгъэзэщIэну хьэзырхэрщ икIи ахэр зытеува гъуэгум къытепшыну икъукIэ гугъущ.

**- Сирием къикIыжхэм я Iуэхур дауэ хъурэ, абыхэм ящыщу къаIэрыхьэхэм сыт иращIэр? Суд тращIыхьрэ, къыхуагъэгъурэ?..**

- Апхуэдэ цIыхур дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм я лъэныкъуэу зауэм зэрыхэтар наIуэ къащIамэ, Урысей Федерацэм и законодательствэм тету бгъэдохьэ. Уголовнэ Iуэху къызэIуах, къэхъуа псори зэхагъэкI.

ЗэрыжысIащи, блэкIа зэманым къриубыдэу апхуэдэ къуаншагъэм папщIэ суд зы цIыхум тращIыхьауэ аращ. Дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм зэрыхэтар наIуэ къызэращIам къыхэкIыу уголовнэ жэуапым ирашэлIапхъэ цIыхухэм ятеухуа Iуэхухэр зэхагъэкI икIи ахэр федеральнэ IэнатIэми дуней псоми къыщалъыхъуэ.

**- Боевикыу щытахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжыным елэжь комиссэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ?**

- Апхуэдэ комиссэ щыIэщ, ар илъэс зыбжанэ япэкIэ къызэрагъэпэщащ, ауэ щэхурылажьэ бандэхэм зэрахэтым папщIэ иджыпсту къалъыхъуэхэм ящыщу зыми а комиссэм зэи зыкъыхуигъэзакъым, Iэщэри игъэтIылъакъым.

Языныкъуэхэм къуаншагъэ ялэжьа хуэдэу шэч къыхуащIу, къакIэлъыплъу икIи мыхъумыщIагъэхэр къыкIэлъызэрахьэну загъэхьэзыру къащохъу. Апхуэдэхэм комиссэм зыкъыщыхуагъазэм деж къэралым щызекIуэ законхэр гурагъаIуэ икIи зэрахузэфIэкIкIэ доIэпыкъу. Иджыпсту апхуэдэ цIыхухэр мамыру мэпсэу, мэлажьэ, я бынхэр япIыж икIи Iуэху мыщхьэпэ лъэпкъ абыхэм къапкърыкIыркъым.

Зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр драгъэкIуэкI щэхурылажьэ бандэхэм хэтхэм я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмри, ауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ ахэр къешэлIэгъуафIэ зэрымыхъур. Зы лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, я бынхэм зэхащIыхьхэр хабзэм зыкIи къызэремызэгъыр абыхэм къагуроIуэ, ауэ итIани щэхурылажьэ бандэхэм яхэт я Iыхьлыхэм я телъхьэщ. Ахэр ягъэзэхуэну, бандит гупхэм щIахэхуа щхьэусыгъуэр псоми гурагъэIуэну яужь итщ.

Пэжщ, абыхэм даIыгъыркъым я бынхэр Iэщэкlэ зэрызауэр, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэр, къызэрыгуэкI цIыхухэр зэраукIыр, ахъшэ зыбгъэдэлъхэр зэрахъунщIэр, ауэ Iуэхур зэрыщымыту къагъэлъэгъуэну хущIокъури, жаIэ я бынхэр зэрымуслъымэным, нэмэз зэращIым къыхэкIыу зэхэзехуэн ящIауэ икIи мыдрейхэм нэгъуэщI хэкIыпIэ ямыгъуэтыжу загъэпщкIуурэ IэщэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэхэм яхыхьауэ.

Ди республикэм, Кавказ Ищхъэрэм, зэрыщыту Урысей Федерацэм щыщу цIыху мелуанхэр тхьэ йолъэIу, нэмэз ящI, ауэ ахэр зыми зэхэзехуэн ищIыркъым.

Арощи, дин щхьэусыгъуэкIэ щIалэгъуалэр зэхэзехуэн зэращIым теухуа псалъэмакъхэр пцIы зэфэзэщщ икIи ахэр зи фIэщ хъухэр зэпымыууэ нэхъ мащIэ мэхъу.

Республикэми, зэрыщыту къэралми, хуитыныгъэ щыIэщ дэтхэнэми зыхуей диныр иIыгъыну. Абы папщIэ члисэхэр, мэжджытхэр къызэIуах. Иджыблагъэ Москва къыщызэIуахащ муслъымэнхэм я мэжджыт нэхъыщхьэр.

ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэ, Интернет-сайт зэмылIэужьыгъуэхэм къытрадзэхэр зэпкърыпхмэ, нэрылъагъу къыпщохъу: радикализмэм и къежьапIэхэмрэ абы и мурадхэмрэ къызыгурыIуэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ мэхъу икIи а мурадхэр мытэмэму къэзылъытэ цIыхухэм я бжыгъэм хохъуэ.

**- Иджыпсту ямыгъуэтыж цIыхухэм ятеухуауэ сыт къыджепIэфын? Ахэр къыхэтхыкIауэ щыIэ? Абыхэм ящыщу къуаншагъэхэр зэралэжьам папщIэ къалъыхъуэхэр процентыкIэ дапщэу пIэрэ?**

- ЦIыхур зэман пыухыкIакIэ ямыгъуэтыжауэ къэт нэужьым Урысейм и МВД-м и хабзэ мардэхэм къызэрагъэувым ипкъ иткIэ, Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и Iыхьэ 1-м и 105-нэ статьям тету уголовнэ Iуэху къызэIуах икIи абы хиубыдэу лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэфIагъэкI апхуэдэ цIыхур здэщыIэ щIыпIэр убзыхуным хуэгъэзауэ.

Хъыбарыншэу къэтхэр псори зэхэту зэрыхъур щыIэщ. А гупым «боевик» жыхуэтIэхэм ящыщу, бандитхэм я дэIэпыкъуэгъуу хэтхэр процентыкIэ куэд дыдэ хъуркъым.

**- 2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гуп гуэр щыIащ «Къэшыргъэ фIыцIэхэр» цIэр зэрихьэу. Иджыпсту абы теухуауэ хъыбар гуэр зэхэфхрэ? Апхуэдэхэм фащыгъуазэмэ, хэт ахэр зэщIэзыгъэуIуар? Абыхэм хабзэм и хъумакIуэхэр япыщIауэ щытауэ къэплъытэрэ?**

- Апхуэдэ щIыкIэкIэ щэхурылажьэ бандэхэр къыжьэдакъуэну зыгуэрхэр хэтауэ къыщIэкIынущ. Ауэ пыухыкIауэ Iуэху гуэрхэр а гупым зэи зэфIагъэкIакъым.

«Къэшыргъэ фIыцIэхэм» щэхурылажьэ бандэ гупхэм хэтхэр ягъэшынэну хэтащ, ахэр къызэтемыувыIэмэ, езыхэми я Iыхьлыхэми ткIийуэ зэрапэщIэувэнур хуагъэувурэ.

Апхуэдэ тхыгъэхэр интернетым зыбжанэрэ кърагъэлъхьэри, абдеж псори щиухащ. Иджыпсту республикэм щыIэкъым хэIущIыIу замыщIу щэхурылажьэ бандэ гупхэм хэтхэм япэщIэувэ къарухэр.

Абы къыщымынэу, дэ дыхущIокъу боевикхэм я Iыхьлыхэр адрейхэм къахэмыщу зэрыпсэуным. Сабийхэм я адэ-анэхэм я къуаншагъэр къажьэхэуэн хуейкъым. Ахэр адрей сабий псори щеджэ школхэм макIуэ. Ди насыпщи, республикэм щыпсэу социальнэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм яку зэныкъуэкъухэр дэлъкъым.

**- Апхуэдэу щыщыткIэ нэгъуэщI Iуэхухэм дытепсэлъыхьынщ. КIуащ Тимур и Iуэхум дыщIэупщIэнут. Уэ къызэрыпщыхъумкIэ, сыт абы и Iуэхур иджыри къэс щIызэхамыгъэкIыфым и щхьэусыгъуэр?**

- КIуащ Тимур и хьэдэр къызэрагъуэтыжам къыхэкIыу, ар яукIауэ къилъытэри, Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм УФ-м и Уголовнэ кодексым и 105-нэ статьям тету уголовнэ Iуэху къызэIуихауэ зэхегъэкI.

Мы Iуэхум ехьэлIауэ экспертизэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIащ, нобэм къэс СледствиемкIэ комитетыр абы йолэжь. Ар и унэм къыщIэмыкI япэкIи къыщIэкIа нэужьи къэхъуахэр зэхагъэкI. Видеокамерэхэм ятхахэм еплъыжащ, оперативнэ-къэлъыхъуэныгъэ, следствие лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ.

**- Абы и блэгущIэм хуэзэу мастэ хэIупIэ иIэу къызэрыщIэкIам сыт и хъыбар?**

- Абы пыухыкIауэ жэуап естыну сыхьэзыркъым. Мастэ хэIупIэ зэриIэр яубзыхуащ, ауэ ар къызыхэкIар гурыIуэгъуэкъым. Ахэр следствием зэхигъэкIын хуейуэ аращ. АдэкIэ къэхъуамрэ мастэмрэ зэпыщIэныгъэ зэхуаIэу зэкIэ яхузэхэгъэкIакъым. Ар зэрылIыкIар мастэр арауэ яубзыхуфакъым. Следствиер иджыри йокIуэкI.

**- «ЦIыху 58-м я Iуэхум» республикэм щыIэ щытыкIэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр ириту гу лъыфтэрэ?**

- Суд унафэм нобэм ирихьэлIэу къару игъуэтакъым, абы теухуауэ иджыри мэтхьэусыхэжхэр. Законым игъэува пIалъэхэм къриубыдэу УФ-м и Суд Нэхъыщхьэр абыхэм хэплъэжу хуежьэнущ.

**- Иужьрей зэманым уголовнэ Iуэху щхьэхуэхэр къызэрызэIуахам къыхэкIыу ягъэхъыбару щIадзащ щэхурылажьэ бандэхэр цIыхушхуэхэм я жыIэщIэу щыт хуэдэу. Дагъыстэным щыщ къулыкъущIэхэри бизнесменхэри абы и лъэныкъуэкIэ ягъэкъуаншэу щIадзащ. КъБР-м ехьэлIауэ апхуэдэ Iуэху щыIэу пIэрэ?**

- КъБР-м апхуэдэ зэи къыщыхъуакъым, иджыпстуи щекIуэкIыркъым.

**- АтIэ Дагъыстэным щIыщекIуэкIыр, КъБР-м щIыщемыкIуэкIыр сыт?**

- Сэ Дагъыстэным щекIуэкIхэм сытепсэлъыхьыну сыхуейкъым. Дызэпэмыжыжьэу дызэдэпсэуми, щхьэж езым и дуней еплъыкIэ, хабзэ иIэжщ. Мыбдежым псори щызэхэпщащ: лъэпкъхэм я къыхэщхьэхукIыныгъэхэри, я псэукIэри, нэгъуэщI куэди.

Ди деж зэи къыщыхъуакъым унафэщI къулыкъухэм пэрытхэм щэхурылажьэ бандэхэр яунэтIу. Абы къыщымынэу, щIэпхъаджащIэхэм ахъшэ къызытрамых щыIэтэкъым, абыхэм унафэщI къулыкъу зыIыгъхэри яхэту. Апхуэдэ къулыкъущIэхэм я жыIэм хэту щытамэ, боевикхэр абыхэм зэи къеIусэнутэкъым.

**- Иджыпсту боевикхэм ахъшэ бизнесменхэм къыщытрах къэхъурэ?**

- Хьэуэ. Япэхэм абыхэм флешкэхэм теттхауэ коммерсантхэм хуагъэхьырт джихадыр ирагъэкIуэкIын, щэхурылажьэ бандэхэм къагъэсэбэпын папщIэ ахъшэ ятыну зэрыхуагъэувыр. Иужь зэманым едгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ апхуэдэ иджы щыIэжкъым.

**- Уэ уи щхьэкIэ сыт хуэдэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм уадэлажьэрэ?**

- КъулыкъукIэ къызбгъэдэхуэ къалэнхэм япкъ иткIэ, сэ садолажьэ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным зи мурадыр хуэунэтIа жылагъуэ зэгухьэныгъэ, зэщIэхъееныгъэ псоми. ЗэщIыгъуу зэфIэдгъэкIын хуей Iуэхухэр щыщыIэм деж Хьэтэжьыкъуэ Валерэ дэрэ дызэдолажьэ абы и лъэныкъуэкIэ дэ ди бжэр зэIухащ икIи мурадыфI зиIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ псоми дадэлэжьэну дыхьэзырщ.

**- Террорым пэщIэтыным цIыхухэр хузэщIэгъэуIуэнымкIэ дин IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр щIэгъэкъуэн къащI, ауэ ахэр щIалэгъуалэм кърадзащэркъым, пщIэшхуи хуащIыркъым. Диным пыщIауэ официальнэу къулыкъу зымыIыгъ, ауэ ипэжыпIэкIэ цIыхухэм пщIэ зыхуащI нэхъыжьхэм фащыдэлажьэ щыIэ?**

- Къулыкъу зыIыгъ дин лэжьакIуэхэми, апхуэдэ къулыкъум пымыщIа, ауэ пщIэшхуэ зыхуащI цIыхухэми дахуозэ икIи абыхэм драгъусэу Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр къызыдогъэпэщ. Зи гугъу сщIы зэIущIэхэм муслъымэн диным ит щIалэгъуалэри къорохьэлIэ. Иужьрей зэманым нэхъыбэ хъу зэпытщ дызэщIыгъуу дызэгупсыс Iуэхухэр.

Арощи, абы и лъэныкъуэкIи республикэм щыщыIэ щытыкIэр нэхъ зэпIэзэрыт хъужу хуежьауэ къысфIощI, сыту жыпIэмэ дэ кIуатэху нэхъ зэIухауэ дызэпсалъэурэ йокIуэкI.

**- ЩIалэгъуалэм я Iуэху еплъыкIэр зэзыхъуэкIыфын икIи республикэм щыщыIэ щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыжынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъун апхуэдэ цIыхухэр сыт хуэдэ щIыкIэкIэ къэвгъуэтрэ?**

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр апхуэдизу куэд хъуркъым, атIэми дэтхэнэ жылагъуэми щIалэгъуалэм я зэхуэсыпIэхэр щыIэщ. Апхуэдэ цIыху жыджэрхэри, къулыкъу пыухыкIахэр зыIыгъхэри езыхэр къыкъуокI. Зи Iуэхур зэIыхьа, гузэвэгъуэм хэхуа дэтхэнэ зыри зэкIуалIэр ахэрщ.

Къэув Iуэхухэр дагъэкIын папщIэ ахэр езы щIыналъэхэм щыIэ унафэщIхэм ябгъэдохьэ. Дэтхэнэ зы жылагъуэми дэс апхуэдэ цIыхухэр зэдыщIэкIыу си хэгъэрейуэ схужыIэнукъым, ауэ абыхэм я нэхъыбапIэм бзэ къахудогъуэт, абыхэм даIуэщIэн папщIэ зэманми деблэжыркъым.

ЦIыхур фIэкIыпIэ имыIэу дин Iэтащхьэм е диным пыщIа цIыхухэм я деж екIуалIэу къыщIэкIынкъым. Ар и благъэм, и ныбжьэгъум бгъэдыхьэнкIэ мэхъу, мыдрейхэми хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм ящыщу нэхъ зыхэзыщIыкIыну къалъытэхэр къагъуэт. А псоми къадэкIуэу, къуажэхэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр щыIэщ икIи ахэр къыддэIэпыкъуну сытым деж и хьэзырщ.

Куэдым Хьэтэжьыкъуэ Валерэ фIыуэ яцIыхури, абы зыхуагъазэ.

**- ЩIалэхэм ящыщу дапщэ гъащIэ мамырым къыхэфшэжыфа?**

- Мыбдеж сэ къэсщтэркъым Iэщэ яIыгъыу «мэзым щIыхьэжа» цIыхухэр. Зи гугъу сщIыр абыхэм Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ядэIэпыкъуу щытахэрщ. Апхуэдэхэр цIыху тIощI хуэдиз хъунущ.

**- Щэхурылажьэ щIэпхъаджащIэхэм щIалэгъуалэр тхыгъэкIэ дахьэхыну зэрыхущIэкъум тхутепсэлъыхьыт. Сыт хуэдэ Iэмал щыIэ абы упэщIэувэн папщIэ?**

- Сэ сызэреплъымкIэ, дагъуэ лъэпкъ зимыIэ хэкIыпIэ къыпхуэгъуэтынукъым. Мыр аптекэм ущIыхьэу щхьэуз хущхъуэ къызэрыпщэхум хуэдэкъым. Мыбдежым лэжьыгъэ лIэужьыгъуэ Iэджэ щегъэкIуэкIын хуейщ. Сэ сызэреплъымкIэ, нэхъыщхьэ дыдэр щIалэгъуалэм я акъылыр щIэпхъэджащIэхэм емыгъэтхьэкъунырщ, цIыхур тэмэму псэун папщIэ зэран къыхуэхъуу щыIэхэр къагурыгъэIуэнырщ. Езым къыгурымыIуэ мурадхэм папщIэ цIыхум Iэщэ къиштэу нэгъуэщIхэр щIиукIыр сыт? Мис абыхэм егупсысауэ Iуэхур зэтес зыщIыну хэкIыпIэхэр къэгъуэтын хуейщ.

Апхуэдэу цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэми традзэ тхыгъэхэр нэхъ егугъуу, жэуаплыныгъэ зэрахьыр къагурыIуэу къыхахтэмэ нэхъыфIт.

**- ЦIыхухэр я лъэныкъуэ къащIын папщIэ щэхурылажьэ щIэпхъаджащIэ гупхэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр къыщагъэсэбэпкIэ, а Iэмал дыдэр экстремизмэм и идеологием и бийуэ къэбгъэсэбэп хъунущ...**

- Иджыпсту дэ абы папщIэ официальнэ прессэри, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэри къыдогъэсэбэп, социальнэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэм захудогъазэ.

СызэреплъымкIэ, апхуэдэ Iуэхухэм я нэхъыбапIэкIэ кърихьэлIэр цIыху зэIухахэрщ, жыджэрхэщ, нобэрей гъащIэм езэгъыу дунейм тетхэрщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, дэ къэтлъыхъуапхъэщ зи Iуэху дэзымыгъэкIыфхэр, иджыпсту екIуэкI Iуэхугъуэхэм нэгъуэщI еплъыкIэ хузиIэхэр. Ауэ апхуэдэхэр къекIуэкI гъащIэм зыпыIуадзу, езыхэм зытраухуам тегъэкIыгъуейуэ мэпсэу.

Щапхъэ къэсхьынщ. ФщIэжмэ, нэхъ япэкIэ псалъэмакъышхуэ екIуэкIащ хъыджэбз цIыкIухэр Iэлъэщ IкIэ зэщIэуфауэ зэрыкIуэм теухуауэ. Сэ сызэреплъымкIэ, ар япэбубыд къудейкIэ зэфIэкIынукъым. Апхуэдэ ткIиягъым Iуэхур нэхъри зэIигъэхьэнкIэ хъунущ. Дэ дызыхэпсэукIыр хабзэр и лъабжьэу зэтет къэралу зэрыщытыр цIыхухэм ягурыгъэIуэн хуейуэ аращ. Мис абы щыгъуэ зэхащIыкIынщ а къэралым щекIуэкI хабзэхэм тетын зэрыхуейр, абыхэм къыщхьэщыкI хабзэм ирипсэуну сабийр хэбгъэзыхь зэрымыхъунур. Ар къыдэкIуэтея нэужь езым къыхихынщ щитIэгъэнури зэрыпсэунури.

**- А Iуэхум цIыхухэр апхуэдизу щызэщIигъаплъэкIэ уакъыпэщIэкIуэт щхьэ мыхъурэ? Сабийм езыр зэрыхуейм, и адэ-анэр зэрыхуейм хуэдэу зихуапэу школым кIуэну хуит щхьэ дымыщIрэ?...**

- «Адэ-анэр зэрыхуейм хуэдэу»... Абы и лъэныкъуэкIэ езы сабийм зиужьын икIи зыхуейр къыгурыIуэжын хуейщ, ари адэ-анэм хамыгъэзыхьу.

Ди деж дауэ зэрыщекIуэкIыр - сэ сыщымуслъымэнкIэ, си сабийри муслъымэнщ. Ауэ, сызэреплъымкIэ, зищIысри и динри цIыхум езым къыхихыжыпхъэщ псори къыгурыIуэу, зэхэщIыкI нэс иIэу щыхъуам деж. Абы езым къыхрех Iэлъэщ I зытрилъхьэнуми зытримылъхьэнуми, муслъымэну щытынуми чристэн диныр къищтэнуми.

Абы и лъэныкъуэкIэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм куэд зэфIагъэкIыфынущ икIи социальнэ щытыкIэр къагъэщэбэфынущ.



**• ЗэIущIэхэр**

# Гумрэ псэмрэ я нэху

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ студентхэмрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и дин лэжьакIуэхэмрэ я зэIущIэ. АбыкIэ хъыбар дигъэщIащ КъБКъУ-м и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ Аджий Заринэ.**

«СТIОЛ ХЪУРЕЙ» щIыкIэу екIуэкIа зэхуэсым хэтащ КъБКъУ-м и ректор **Алътуд Юрий**, КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI **Дзасэжь Хьэзрэталий**, КИФЩI-м и раввин нэхъыщхьэ **Шабаев Леви** сымэ, университетым и егъэджакIуэхэр, студентхэр. Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ щIалэгъуалэм я хьэл-щэнхэм, яхэлъ щэнхабзэм.

Студентхэми дин лэжьакIуэхэми а IуэхугъуэхэмкIэ жаIэн я куэдт. Абыхэм зэIущIэм хуагъэхьэзырат доклад купщIафIэхэр. Къапщтэмэ, КъБКъУ-м и студенткэ Мэкъей Альбинэ и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхэщамкIэ, щIалэгъуалэм унагъуэм, адэ-анэм, ныбжьэгъугъэм, узыншагъэм иужьрей лъэхъэнэм мыхьэнэшхуэ ирату хуежьащ. Апхуэдэу Харсиевэ Лианэ къытеувыIащ щIэныгъэмрэ динымрэ яIэ зэпыщIэныгъэм, ди щIыпIэ щIалэгъуалэм яIэ лъапIэныгъэхэмрэ гупсысэхэмрэ. Абы ищIа докладыр теухуат зи щIалэгъуэхэм лъэпкъ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ дихьэх куэд зэрахэтым.

Псалъэмакъым жыджэру хэтащ Дзасэжь Хьэзрэталирэ Шабаев Левирэ. Абыхэм студентхэм я упщIэхэм жэуап купщIафIэхэр иратащ.

- Муслъымэн диным зэрыжиIэмкIэ, дэтхэнэ цIыхуми щIэныгъэ къилъыхъуэн икIи зригъэгъуэтын хуейщ. ЩIэныгъэншагъэр - ар кIыфIыгъэщ, тхьэмыщкIагъэщ. ЩIэныгъэр - ислъам диным и псэщ, нэхугъэмрэ фIыгъуэ куэдымрэ ухуэзышэ гъуэгущ, - къыхигъэщащ Дзасэжьым.

ЗэIущIэм щыжаIа псори къызэщIикъуэжащ КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрий.

- Ди студентхэр зыхущIэкъун хуейр зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ, щIэныгъэшхуэ зиIэ IэщIагъэлI зэрыхъуным я закъуэкъым, атIэ дэтхэнэ зи щIалэгъуэри егугъупхъэщ хьэл-щэн екIу, къызыхэкIа лъэпкъым хуэфэщэн цIыху къызэрищIыкIыным. Апхуэдэу щытхэращ зыужьыныгъи ехъулIэныгъи зыгъуэтхэр, - жиIащ Алътудым.

КъБКъУ-мрэ дин IуэхущIапIэхэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа дэфтэрхэм зэIущIэм Iэ щытрадзащ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

**• Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр**



**Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм хэт адыгэ зауэлI** *(сэмэгумкIэ щытщ).*
*Сурэтыр зыщIар наIуэкъым.*

# Ди щIали яхэтщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и «ЦIыхубэ участковэ» Къандэхъу Мурат урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм хэтщ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI «ЦIыхубэ участковэ» зэхьэзэхуэм и кIэухыр щэкIуэгъуэм и 1-м яублащ.

«Комсомольская правда» газетым и сайтым иралъхьащ Урысей МВД-м и щIыналъэ къудамэхэм къабгъэдэкIыу кIэух зэпеуэм хэтыну участковэ 83-м я анкетэхэр.

Япэ IыхьитIми хуэдэу, текIуэр зэрагъэбелджылынур интернетымкIэ нэхъыбэм Iэ зыхуаIэтарщ.

Къандэхъу Мурат папщIэ Iэ фIэт хъунущ мы ссылкэмкIэ **http://best.kp.ru/msk/police2015/**.

Къэбэрдей-Балъкъэр РеспубликэмкIэ МВД-м и сайтым и участковэ напэкIуэцIыр - **https://07.mvd.ru/news/item/6638724/**.

IэIэтыр иухынущ щэкIуэгъуэм и 10-м - Урысейм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэм.

***Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 9

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20, 04.10** «Контрольная закупка»
**09.50** «Жить здорово!» (12+)
**10.55** «Модный приговор»
**12.15** «Сегодня вечером» (16+)
**14.25** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Время покажет». Продолжение (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Наедине со всеми». Программа Юлии Меньшовой (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.45** «Давай поженимся!» (16+)
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**21.30** Х/ф «Великая»
**23.30** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.00** «Познер» (16+)
**01.00** Ночные новости
**01.15, 03.05** Х/ф «Я - робот»
**03.20** Т/с «Вегас»

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.15** «Утро России»
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 17.50, 20.00** Вести
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу
**11.35, 14.30, 17.30, 19.35** Местное время
**11.55** Т/с «Тайны следствия»
**14.50** Вести. Дежурная часть
**15.00** Т/с «Земский доктор»
**18.15** «Прямой эфир» (16+)
**20.50** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.00** Т/с «Людмила Гурченко»
**23.00** «Честный детектив» (16+)
**00.00** «Резидент Мария». «Следственный эксперимент. Доказательство на кончиках пальцев» (12+)
**01.25** Х/ф «Дуэль»
**03.25** Т/с «Сын за отца»
**04.25** «Комната смеха»

### НТВ

**05.00, 06.05** Т/с «Адвокат»
**06.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**07.00** «НТВ утром»
**08.10** «Утро с Юлией Высоцкой» (12+)
**09.00** Т/с «Возвращение Мухтара»
**10.20** Т/с «Лесник»
**12.00** Суд присяжных (16+)
**13.20** Обзор. Чрезвычайное происшествие
**14.00** Т/с «Улицы разбитых фонарей»
**16.20** Т/с «Литейный»
**18.00** «Говорим и показываем». Ток-шоу с Леонидом Закошанским (16+)
**19.40** Т/с «Высокие ставки»
**21.30** Т/с «Чума»
**23.30** «Анатомия дня»
**00.10** Т/с «Шаман»
**02.00** «Ты - суперстар. Бенефис» (12+)
**03.25** Дикий мир (0+)
**04.00** Т/с «Преступление будет раскрыто»

### ТВЦ

**06.00** «Настроение»
**08.05** Х/ф «Шестой»
**09.40** Х/ф «Разорванный круг»
**11.30, 14.30, 19.40, 22.00, 00.00** События
**11.50** «Постскриптум»
**12.50** «В центре событий» с Анной Прохоровой (16+)
**13.55** «Осторожно, мошенники! Свадебный переполох» (16+)
**14.50** Городское собрание (12+)
**15.35** Х/ф «Убийство на троих» 1, 2 с.
**17.30** Город новостей
**17.40** Т/с «У вас будет ребенок...»
**20.00** «Право голоса» (16+)
**21.45** «Петровка, 38»
**22.30** «Черные дыры Земли» (16+)
**23.05** Без обмана. «Коварные сухофрукты» (16+)
**00.30** Х/ф «Родительский день»
**02.15** Т/с «Чисто английское убийство»

### МИР

**09.30** Т/с «Темные воды»
**13.00, 16.00** Новости
**13.20** Т/с «Школа выживания от одинокой женщины с тремя детьми в условиях кризиса»
**16.20, 04.45** «Другой мир» (12+)
**16.50, 05.15** «Земля. Территория загадок» Тайна вещих снов (12+)
**19.00** «НОВОСТИ»
**23.55** Главная тема (12+)
**00.05** Ток-шоу «Слово за слово» (16+)

### РОССИЯ К

**07.00** Евроньюс
**10.00, 15.00, 19.30, 23.20** Новости культуры
**10.15, 01.40** «Наблюдатель»
**11.15** Х/ф «Удивительные приключения»
**12.25** Дымковская игрушка
**12.35** Линия жизни. Ксения Кутепова
**13.30** Х/ф «Гори, гори, моя звезда»
**15.10** «Леонид Луков»
**15.50** Х/ф «Верьте мне, люди»
**17.40, 23.00, 02.40** Мировые сокровища культуры
**17.55** Л. Бетховен. Симфония №7
**18.35** «Алексей Ляпунов. Лицо дворянского происхождения»
**19.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Сати. Нескучная классика...»
**20.45** «Живое слово»
**21.25** Ступени цивилизации
**22.15** «Тем временем»
**23.35** Худсовет
**23.40** Сергей Пускепалис читает рассказ Сергея Довлатова «Приличный двубортный костюм»
**00.10** «Не стараясь угодить»

### РОССИЯ 2

**06.30** «Формула Квята» (16+)
**07.00, 07.30, 08.00, 09.00, 10.00, 11.00, 12.00, 14.00, 16.00** Новости
**07.05, 07.35, 17.00, 23.00** Все на «Матч»!
**08.05, 09.05, 10.05, 02.00** «Ты можешь больше!» (16+)
**11.05** «Живи сейчас» (16+)
**12.05** Фигурное катание. Гран-при Китая. Показательные выступления
**13.00, 04.00** «Спортивная анатомия» с Эдуардом Безугловым (12+)
**13.30** «Дублер» (12+)
**14.05** Смешанные единоборства. UFC (16+)
**16.30, 19.30** «Лучшая игра с мячом» (16+)
**18.00, 05.30** «Сердца чемпионов» (12+)
**18.30, 03.00** «Федор Емельяненко. Первый среди равных» (16+)
**19.45** «Первые леди» (16+)
**19.55** Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Локомотив-Кубань» (Краснодар) - ЦСКА
**21.50, 04.30** «Вид сверху»
**00.00** Х/ф «Гладиатор»

## Гъубж, щэкIуэгъуэм и 10

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Контрольная закупка»
**09.50** «Жить здорово!» (12+)
**10.55** «Модный приговор»
**12.20, 21.35** Х/ф «Великая»
**14.25** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Время покажет». Продолжение (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Наедине со всеми». Программа Юлии Меньшовой (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.45** Праздничный концерт
**21.00** «Время»
**23.35** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.10** Ночные новости
**00.25** «Структура момента» (16+)
**01.30, 03.05** Х/ф «Что скрывает ложь»
**04.00** Т/с «Вегас»

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.15** «Утро России»
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 17.50, 20.00** Вести
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу
**11.35, 14.30, 17.30, 19.35** Местное время
**11.55** Т/с «Тайны следствия»
**14.50** Вести. Дежурная часть
**15.00** Т/с «Земский доктор»
**18.15** «Прямой эфир» (16+)
**20.50** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.00** Т/с «Людмила Гурченко»
**23.00** Вести.doc (16+)
**00.40** «Фортуна. Ловушка для счастливчика». «За гранью. Бионика. Побочный эффект» (12+)
**02.15** Т/с «Сын за отца»
**03.15** «Последнее дело майора Пронина» (12+)
**04.15** «Комната смеха»

### НТВ

**05.00, 06.05** Т/с «Адвокат»
**06.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**07.00** «НТВ утром»
**08.10** «Утро с Юлией Высоцкой» (12+)
**09.00** Т/с «Возвращение Мухтара»
**10.20** Т/с «Лесник»
**12.00** Суд присяжных (16+)
**13.20** Обзор. Чрезвычайное происшествие
**14.00** Т/с «Улицы разбитых фонарей»
**16.20** Т/с «Литейный»
**18.00** «Говорим и показываем». Ток-шоу с Леонидом Закошанским (16+)
**19.40** Т/с «Высокие ставки»
**21.30** Т/с «Чума»
**23.30** «Анатомия дня»
**00.10** Т/с «Шаман»

### ТВЦ

**06.00** «Настроение»
**08.05** «Доктор И...» (16+)
**08.40** Х/ф «Дело «Пестрых»
**10.40** «День без полицейского» (12+)
**11.30, 14.30, 19.40, 22.00, 00.00** События
**11.50** Т/с «Пуаро Агаты Кристи»
**13.40** «Мой герой». Ток-шоу с Татьяной Устиновой (12+)
**14.50** Без обмана. «Коварные сухофрукты» (16+)
**15.35** Х/ф «Убийство на троих» 3, 4 с.
**17.30** Город новостей
**17.40** Т/с «У вас будет ребенок...»
**20.00** «Право голоса» (16+)
**21.40** «Петровка, 38»
**22.30** «Осторожно, мошенники!» (16+)
**23.05** «Прощание. Людмила Зыкина» (12+)
**00.30** «Право знать!» Ток-шоу. (16+)
**01.55** Х/ф «Разорванный круг»
**03.40** «Черные дыры Земли» (16+)
**04.10** Т/с «Расследование Мердока»

### МИР

**09.30, 01.00** Х/ф «Испытательный срок»
**11.20** Х/ф «Путь к сердцу мужчины»
**13.00, 16.00** Новости
**13.20** Т/с «Развод»
**15.05, 02.50** «Дела семейные с Еленой Дмитриевой» (16+)
**16.20** «Другой мир» (12+)
**16.50, 05.20** «Земля. Территория загадок» Тайна долины Сакских царей (12+)
**19.00** «НОВОСТИ»
**22.05** Х/ф «Москва - не Москва»
**23.55** Главная тема (12+)
**00.05** Ток-шоу «Слово за слово» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Евроньюс
**10.00, 15.00, 19.30, 00.10** Новости культуры
**10.15, 01.55** «Наблюдатель»
**11.15** Х/ф «Называй это убийством»
**12.30** Мировые сокровища культуры
**12.50** Пятое измерение
**13.15** Сергей Пускепалис читает рассказ Сергея Довлатова «Приличный двубортный костюм»
**13.40, 01.50** «Витус Беринг»
**13.50** Х/ф «Россия молодая» 1 с.
**15.10, 20.45** «Живое слово»
**15.50** «Потерянная могила Ирода»
**16.40** «Сати. Нескучная классика...»
**17.20** «Не стараясь угодить»
**18.00** Д.Шостакович. Симфония №15
**18.50, 01.20** «Архивные тайны». «1936 год. Олимпийские игры в Берлине»
**19.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**19.45** Главная роль
**20.05** Искусственный отбор
**21.25** «Оперный бал - посвящение Елене Образцовой»
**00.25** «Елена Образцова. Жизнь как коррида»

### РОССИЯ 2

**06.30, 12.05, 06.00** Хоккей. Суперсерия Россия - Канада. Молодежные сборные
**08.45, 09.00, 10.00, 11.00, 12.00, 14.35, 16.00** Новости
**08.50** «Детали спорта» (16+)
**09.05, 03.15** «Ты можешь больше!» (16+)
**10.05** «Живи сейчас» (16+)
**11.05** «Французский акцент» (16+)
**11.30** «Второе дыхание» (12+)
**14.40** «Первые леди» (16+)
**15.10, 04.15** «Особый день» с Александром Кокориным (16+)
**15.30** «Сердца чемпионов» (12+)
**16.05** «Спортивный интерес» (16+)
**17.00, 23.00** Все на «Матч»!
**18.00, 02.30** «1+1» (16+)
**18.45, 04.30** «Удар по мифам» (16+)
**19.00** «Континентальный вечер»
**19.25** Хоккей. КХЛ. СКА (Санкт-Петербург) - «Динамо» (Москва)
**21.50** «Удар по мифам» (16+)
**22.00** «Культ тура с Юрием Дудем» (16+)
**22.30** «Рио ждет» (16+)
**00.00** Х/ф «Команда из штата Индиана»

## Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 11

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Контрольная закупка»
**09.50** «Жить здорово!» (12+)
**10.55** «Модный приговор»
**12.20, 21.35** Х/ф «Великая»
**14.25** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Время покажет». Продолжение (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Наедине со всеми». Программа Юлии Меньшовой (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.45** «Давай поженимся!» (16+)
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**23.35** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.10** Ночные новости
**00.25** «Политика» (16+)
**01.30** Х/ф «Без следа»
**03.05** Т/с «Вегас»

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.15** «Утро России»
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 17.50, 20.00** Вести
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу
**11.35, 14.30, 17.30, 19.35** Местное время
**11.55** Т/с «Тайны следствия»
**14.50** Вести. Дежурная часть
**15.00** Т/с «Земский доктор»
**18.15** «Прямой эфир» (16+)
**20.50** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.00** Т/с «Людмила Гурченко»
**23.00** «Специальный корреспондент»
**00.40** «Когда начнётся заражение» (16+)
**02.45** Т/с «Сын за отца»
**03.40** «Ангелы с моря» (12+)
**04.40** «Комната смеха»

### НТВ

**05.00, 06.05** Т/с «Адвокат»
**06.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**07.00** «НТВ утром»
**08.10** «Утро с Юлией Высоцкой» (12+)
**09.00** Т/с «Возвращение Мухтара»
**10.20** Т/с «Лесник»
**12.00** Суд присяжных (16+)
**13.20** Обзор. Чрезвычайное происшествие
**14.00** Т/с «Улицы разбитых фонарей»
**16.20** Т/с «Литейный»
**18.00** «Говорим и показываем». Ток-шоу с Леонидом Закошанским (16+)
**19.40** Т/с «Высокие ставки»
**21.30** Т/с «Чума»
**23.30** «Анатомия дня»
**00.10** Т/с «Шаман»
**02.00** Квартирный вопрос (0+)
**03.05** Т/с «Под прицелом»

### ТВЦ

**06.00** «Настроение»
**08.05** «Доктор И...» (16+)
**08.35** Х/ф «Тайна двух океанов»
**11.30, 14.30, 19.40, 22.00, 00.00** События
**11.50** Т/с «Пуаро Агаты Кристи»
**13.40** «Мой герой». Ток-шоу с Татьяной Устиновой (12+)
**14.50** «Прощание. Людмила Зыкина» (12+)
**15.40** Х/ф «Папа на прокат» 1, 2 с.
**17.30** Город новостей
**17.40** Т/с «У вас будет ребенок...»
**20.00** «Право голоса» (16+)
**21.45** «Петровка, 38»
**22.30** Линия защиты (16+)
**23.05** «Хроники московского быта. Любовь продлевает жизнь» (12+)
**00.25** «Русский вопрос» (12+)
**01.10** Х/ф «Поцелуй падших ангелов»
**03.10** «Любовь под контролем» (12+)
**04.05** Т/с «Расследование Мердока»

### МИР

**09.30, 01.00** Х/ф «Тайна записной книжки»
**11.10** Х/ф «Москва - не Москва»
**13.00, 16.00** Новости
**13.20** Т/с «Развод»
**15.05, 02.30** «Дела семейные с Еленой Дмитриевой» (16+)
**16.20, 04.55** «Другой мир» (12+)
**16.50, 05.25** «Земля. Территория загадок» Таинственные обитатели океана (12+)
**19.00** «НОВОСТИ»
**22.05** Х/ф «От праздника к празднику»
**23.55** Главная тема (12+)
**00.05** Ток-шоу «Слово за слово»
**03.30** Х/ф «Музыкальная история»

### РОССИЯ К

**06.30** Евроньюс
**10.00, 15.00, 19.30, 23.20** Новости культуры
**10.15, 01.55** «Наблюдатель»
**11.15** Х/ф «Странная любовь Марты Айверс»
**13.15, 23.40** Михаил Левитин читает рассказ Константина Симонова «Полковник Сабуров»
**13.45** «Дэвид Ливингстон»
**13.50** Х/ф «Россия молодая» 2 с.
**15.10, 20.45** «Живое слово»
**15.50** «Катастрофы прошлого. Темные времена»
**16.40** Искусственный отбор
**17.20** Острова. Григорий Поженян
**18.00** Н.Римский-Корсаков. Симфонические картины из опер
**18.50** «Архивные тайны». «1981 год. Освобождение американских заложников в Иране»
**19.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**19.45** Главная роль
**20.05** Абсолютный слух
**21.25** Ступени цивилизации
**22.10** «И этот голос небывалый. Мария Бабанова»
**23.00, 01.40** Мировые сокровища культуры
**23.35** Худсовет
**00.10** Х/ф «Сделка с Адель»

### РОССИЯ 2

**06.30, 12.05** Хоккей. Суперсерия Россия - Канада. Молодежные сборные
**08.45, 09.00, 10.00, 11.00, 12.00, 14.35, 16.00** Новости
**08.50, 17.00, 23.00** Все на «Матч»!
**09.05, 02.45** «Ты можешь больше!» (16+)
**10.05** «Живи сейчас» (16+)
**11.05** «Сердца чемпионов» (12+)
**14.40** «1+1» (16+)
**15.30** «Лучшая игра с мячом» (16+)
**16.05, 00.00** «Где рождаются чемпионы?» (16+)
**16.30** «Культ тура с Юрием Дудем» (16+)
**18.00, 03.45** «Мама в игре» (12+)
**18.30** «Удар по мифам» (16+)
**18.45, 20.50, 06.25** «Детали спорта» (16+)
**18.55** Волейбол. Чемпионат России. Мужчины. «Динамо» (Москва) - «Урал» (Уфа)
**21.00** Х/ф «Чемпионы»
**00.30** Х/ф «Молодая кровь»
**04.15** «Тридцать великих спортивных событий последнего тридцатилетия» (16+)

## Махуэку, щэкIуэгъуэм и 12

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20, 04.10** «Контрольная закупка»
**09.50** «Жить здорово!» (12+)
**10.55** «Модный приговор»
**12.20, 21.35** Х/ф «Великая»
**14.25** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Время покажет». Продолжение (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Наедине со всеми». Программа Юлии Меньшовой (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.45** «Давай поженимся!» (16+)
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**23.35** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.10** Ночные новости
**00.25** «На ночь глядя» (16+)
**01.20, 03.05** Х/ф «Побеждай!»
**03.20** Т/с «Вегас»

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.15** «Утро России»
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 17.50, 20.00** Вести
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу
**11.35, 14.30, 17.30, 19.35** Местное время
**11.55** Т/с «Тайны следствия»
**14.50** Вести. Дежурная часть
**15.00** Т/с «Земский доктор»
**18.15** «Прямой эфир» (16+)
**20.50** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.00** Т/с «Людмила Гурченко»
**23.00** «Поединок». Программа Владимира Соловьёва (12+)
**00.40** «Бастионы России. Смоленск». «Бастионы России. Дербент» (12+)
**02.45** Т/с «Сын за отца»
**03.45** «Измеритель ума. 1Q»
**04.40** «Комната смеха»

### НТВ

**05.00, 06.05** Т/с «Адвокат»
**06.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**07.00** «НТВ утром»
**08.10** «Утро с Юлией Высоцкой» (12+)
**09.00** Т/с «Возвращение Мухтара»
**10.20** Т/с «Лесник»
**12.00** Суд присяжных (16+)
**13.20** Обзор. Чрезвычайное происшествие
**14.00** Т/с «Улицы разбитых фонарей»
**16.20** Т/с «Литейный»
**18.00** «Говорим и показываем». Ток-шоу с Леонидом Закошанским (16+)
**19.40** Т/с «Высокие ставки»
**21.30** Т/с «Чума»
**23.30** «Анатомия дня»
**00.10** Т/с «Шаман»
**02.00** «Дачный ответ» (0+)
**03.05** Т/с «Под прицелом»

### ТВЦ

**06.00** «Настроение»
**08.15** «Доктор И...» (16+)
**08.50** Х/ф «Девушка с гитарой»
**10.35** «Советские звезды. Начало пути» (12+)
**11.30, 14.30, 19.40, 22.00, 00.00** События
**11.50** Т/с «Пуаро Агаты Кристи»
**13.40** «Мой герой». Ток-шоу с Татьяной Устиновой (12+)
**14.50** «Хроники московского быта. Любовь продлевает жизнь» (12+)
**15.40** Х/ф «Папа на прокат» 3, 4 с.
**17.30** Город новостей
**17.40** Т/с «У вас будет ребенок...»
**20.00** «Право голоса» (16+)
**21.45** «Петровка, 38»
**22.30** «Обложка. Голосуй или проиграешь!» (16+)
**23.05** «Людмила Гурченко. Блеск и отчаяние» (12+)
**00.30** Х/ф «Красотки»
**02.20** Х/ф «Дело «Пестрых»
**04.20** Х/ф «Трое суток после бессмертия»

### МИР

**09.30, 01.00** Х/ф «Аплодисменты, аплодисменты»
**11.00** Х/ф «От праздника к празднику»
**13.00, 16.00** Новости
**13.20** Т/с «Развод»
**15.05, 02.30** «Дела семейные с Еленой Дмитриевой» (16+)
**16.20, 04.55** «Другой мир» (12+)
**16.50, 05.25** «Земля. Территория загадок» Крысолов из Гамельна (12+)
**19.00** «НОВОСТИ»
**22.05** Х/ф «Земля людей»
**23.55** Главная тема (12+)
**00.05** Ток-шоу «Слово за слово» (16+)
**03.30** Х/ф «Вратарь»

### РОССИЯ К

**06.30** Евроньюс
**10.00, 15.00, 19.30, 23.20** Новости культуры
**10.15, 01.55** «Наблюдатель»
**11.15** Х/ф «Интермеццо»
**12.50** Россия, любовь моя! «Ездовые собаки Чукотки»
**13.15, 23.40** Владимир Меньшов читает рассказ Юрия Казакова «Голубое и зеленое». 1 ч.
**13.45** «Гиппократ»
**13.50** Х/ф «Россия молодая» 3 с.
**15.10, 20.45** «Живое слово»
**15.50** «Катастрофы прошлого. Гнев Божий»
**16.35** Абсолютный слух
**17.15** Больше, чем любовь. Огюст Роден и Камила Клодель
**17.55** П.Чайковский. Симфония №6 «Патетическая»
**18.50** «Архивные тайны». «1918 год. Празднование перемирия»
**19.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**19.45** Главная роль
**20.05** Черные дыры. Белые пятна
**21.25** Ступени цивилизации
**22.10** Линия жизни. Людмила Гурченко
**23.00, 01.40** Мировые сокровища культуры
**23.35** Худсовет
**00.10** Х/ф «Белое, красное и...»

### РОССИЯ 2

**06.30** «Где рождаются чемпионы?» (16+)
**07.00, 07.30, 08.00, 09.00, 10.00, 11.00, 12.00, 14.00, 16.30** Новости
**07.05, 07.35, 17.00, 00.45** Все на «Матч»!
**08.05, 09.05, 10.05** «Ты можешь больше!» (16+)
**11.05, 02.00** «Сердца чемпионов» (12+)
**11.30, 02.30** «Спортивная анатомия» с Эдуардом Безугловым (12+)
**12.05** Х/ф «Чемпионы»
**14.05** «Мохаммед и Ларри. История одного боя»
**16.35, 20.45** «Особый день» с Дмитрием Комбаровым (16+)
**16.50** «Детали спорта» (16+)
**18.00** «Дублер» (12+)
**18.30** «Второе дыхание» (12+)
**19.00** «Рио ждет» (16+)
**19.30, 20.30, 01.45** «Удар по мифам» (16+)
**19.45** «Выкуп короля»
**21.00** «Все за Евро-2016» (16+)
**21.30** Все на футбол!
**22.35** Футбол. Чемпионат Европы-2016. Отборочный турнир. Норвегия - Венгрия
**03.00** Хоккей. Суперсерия Россия - Канада. Молодежные сборные
**05.40** «1+1» (16+)

## 1 КъБР ☆ «Мир» канал

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 9**

**6.00** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»
**6.35** «Ди псэлъэгъухэр». КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Мэкъушэ Руслан (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.10** 2015 гъэр Литературэм и илъэсу Урысейм щагъэуващ. «Зэчиймрэ IэпщIэлъапщIагъэмрэ». УсакIуэ Ульбашев Ахмадие (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»
**8.10** «ЩIалэгъуалэм я Iуэху еплъыкIэ» (16+)
**8.45** «ГуащIэм фIыщIэ пылъщ». КъБР-м щIыхь зиIэ и связист Кожаков Магомет (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** «Дыщэ пхъуантэ». Сабийхэм папщIэ нэгузегъэужь нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.20** Мультфильм (6+)
**17.40** «Бгым дэкIхэр». «Безенги» альплагерым теухуа хъыбархэр (12+)
**18.15** «49-нэ каналым и пощт» (12+)
**19.25** Мультфильм (6+)
**19.30** ХъыбарыщIэхэр
**19.45** 2015 гъэр КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэм и илъэсу щагъэуващ. «ГуащIэм фIыщIэ пылъщ». КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шурдым Борис (адыгэбзэкIэ) (16+)
**20.15** «Жылагъуэ Iуэху» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**20.45** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.15** «Чемпионхэр». СССР-м боксымкIэ спортым и мастер Амщыкъуэ Чэрим (12+)
**21.40** ХъыбарыщIэхэр

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 10**

**6.00** ХъыбарыщIэхэр
**6.15** 2015 гъэр КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэм и илъэсу щагъэуващ. «ГуащIэм фIыщIэ пылъщ». КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шурдым Борис (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.45** «Жылагъуэ Iуэху» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.10** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** ХъыбарыщIэхэр
**7.55** «Чемпионхэр». СССР-м боксымкIэ спортым и мастер Амщыкъуэ Чэрим (12+)
**8.20** «Щэнхабзэм и дуней». Ташлы-Тала къуажэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.45** «Ди щIэин» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.20** Мультфильм (6+)
**17.25** «Зэманым и шэрхъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.00** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**18.15** «49-нэ каналым и пощт» (12+)
**19.25** Мультфильм (6+)
**19.30** ХъыбарыщIэхэр
**19.40** «ДыщэкI зэкъуэшхэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**20.10** Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэ симфоние макъамэм и еплIанэ дунейпсо фестивалыр. Театр Иным и и духовой квинтетыр. ПэщIэдзэр (12+)
**20.40** «ГъэунэхупIэ». Шыгъажэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Си Хэку». Урысейм и МВД-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым и концерт (12+)
**21.40** ХъыбарыщIэхэр

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 11**

**6.00** ХъыбарыщIэхэр
**6.15** Урысейм дзюдомкIэ и клубхэм я чемпионатым (12+)
**6.50** «ДыщэкI зэкъуэшхэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.20** «ГъэунэхупIэ». Шыгъажэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** ХъыбарыщIэхэр
**7.55** «Зэманым и шэрхъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.30** «Узыншэу фыщыт» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**9.00** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**9.15** «Микрофоныр - сабийхэм». Сэбаншы Элеонорэ (6+)
**17.20** Мультфильм (6+)
**17.35** «Си лъахэ». Лашынкъей къуажэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «49-нэ каналым и пощт» (12+)
**19.25** Мультфильм (6+)
**19.30** ХъыбарыщIэхэр
**19.45** «Къайсын ухуэзышэ лъэбакъуищэ». ПсапащIэ концерт. КIэухыр (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.35** Адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 115-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Си Алий» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.55** Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэ симфоние макъамэм и еплIанэ дунейпсо фестивалыр. Театр Иным и и духовой квинтетыр. КIэухыр (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ»
**21.40** ХъыбарыщIэхэр

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 12**

**6.00** ХъыбарыщIэхэр
**6.15** «Къайсын ухуэзышэ лъэбакъуищэ». ПсапащIэ концерт. КIэухыр (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.05** Адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 115-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Си Алий» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (12+)
**7.40** ХъыбарыщIэхэр
**7.55** «Зи IэщIагъэм хуэпэж». КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр Дзэгъалэ Марат (адыгэбзэкIэ)
**8.25** Урысейм дзюдомкIэ и клубхэм я чемпионатым (12+)
**17.20** Мультфильм (6+)
**17.40** «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «49-нэ каналым и пощт» (12+)
**19.25** Мультфильм (6+)
**19.30** ХъыбарыщIэхэр
**19.40** «Ракурс». КъБР-м и цIыхубэ артист Къэбэрдокъуэ Мурат Москва къалэ дэт Макъамэм и дунейпсо унэм щита концертыр (16+)
**19.55** «Зи чэзу псалъэмакъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.25** «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ». Зеикъуэ къуажэр илъэс 400 ирокъу. Япэ Iыхьэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.05** «КъэкIуэнур нобэм пыщIащ». УФ-м щIыхь зиIэ и артист Багъ Сэхьид (12+)
**21.40** ХъыбарыщIэхэр

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 13**

**6.00** ХъыбарыщIэхэр
**6.15** «Гюрен». Спорт нэтын (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.45** «Зи чэзу псалъэмакъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.20** «Ракурс». КъБР-м и цIыхубэ артист Къэбэрдокъуэ Мурат Москва къалэ дэт Макъамэм и дунейпсо унэм щита концертыр (16+)
**7.40** ХъыбарыщIэхэр
**7.55** «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ». Зеикъуэ къуажэр илъэс 400 ирокъу. Япэ Iыхьэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.35** «Ди пелуанхэр». Урысейм тхэквондомкIэ спортым и мастер Бэлахъуэ Елдар (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.50** «КъэкIуэнур нобэм пыщIащ». УФ-м щIыхь зиIэ и артист Багъ Сэхьид (12+)
**17.20** Мультфильм (6+)
**17.40** «ЩIэблэм хуэсакъыу». Налшык къалэ дэт сабий сад №5-р (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.00** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**18.15** «49-нэ каналым и пощт» (12+)
**19.25** Мультфильм (6+)
**19.30** ХъыбарыщIэхэр
**19.40** «Тхьэм и унэм ухуэзышэ гъуэгу» (12+)
**20.05** «Нагъыщэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**20.35** «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ». Зеикъуэ къуажэр илъэс 400 ирокъу. ЕтIуанэ Iыхьэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.15** Политикэ залымыгъэ зыкIэлъызэрахьахэм я фэеплъ махуэм екIуэкIа зэхыхьэм къратыкI репортаж (16+)
**21.40** ХъыбарыщIэхэр

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 14**

**6.00** ХъыбарыщIэхэр
**6.15** «Тхьэм и унэм ухуэзышэ гъуэгу» (12+)
**6.40** «Нагъыщэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**7.15** Политикэ залымыгъэ зыкIэлъызэрахьахэм я фэеплъ махуэм екIуэкIа зэхыхьэм кърατыкI репортаж (16+)
**7.40** ХъыбарыщIэхэр
**7.55** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**8.10** «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ». Зеикъуэ къуажэр илъэс 400 ирокъу. ЕтIуанэ Iыхьэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.50** «ЩIэблэм хуэсакъыу». Налшык къалэ дэт сабий сад №5-р (адыгэбзэкIэ) (12+)
**9.10** «Седьмая скорость». Автомобилистхэм папщIэ (12+)
**16.15** Мультфильм (6+)
**16.25** «Билляча». Сабийхэм папщIэ (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.55** «Джэгурэш». Класс нэхъыжьхэм щIэсхэм папщIэ джэгу-зэпеуэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «49-нэ каналым и пощт» (12+)
**19.00** 2015 гъэр Литературэм и илъэсу Урысейм щагъэуващ. «Бжьыхьэ». Усыгъэм и пшыхь (адыгэбзэкIэ) (16+)
**19.35** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**19.55** «Фэеплъ». УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Черкесов Исса (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.25** «Ыйыкъ». ХъыбарыщIэхэр
**20.40** КъБР-м и цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим и концерт. ПэщIэдзэр (адыгэбзэкIэ) (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 15**

**6.00** Мультфильм (6+)
**6.20** 2015 гъэр Литературэм и илъэсу Урысейм щагъэуващ. «Бжьыхьэ». Усыгъэм и пшыхь (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.55** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**7.10** «Фэеплъ». УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Черкесов Исса (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Ыйыкъ». ХъыбарыщIэхэр
**7.55** КъБР-м и цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим и концерт. ПэщIэдзэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.15** Мультфильм (6+)
**16.25** «Дыщэ пхъуантэ». Сабийхэм папщIэ нэгузегъэужь нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**16.50** «Сэ фIыуэ слъагъу уэрэд». Концерт (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.20** Налшык къалэ щекIуэкIа Модэм и япэ фестиваль (16+)
**18.15** «49-нэ каналым и пощт» (12+)
**19.00** «Спорт хъыбархэр» (12+)
**19.25** «Зэчиймрэ IэпщIэлъапщIагъэмрэ». КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Гуртуев Берт къызэралъхурэ илъэси 105-рэ щрикъум ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.55** КъБР-м и цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим и концерт. КIэухыр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.55** ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу. «Фронтовикхэм я письмохэр». Полищук Иван и архивым щыщ (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 9**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр
**11.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.45** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «Жангылыкъла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**14.30, 17.30, 19.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр
**18.15** Жеребцов Владимир. «Къуршым адэкIэ дзэлыр щопыхьэ». Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и спектакль

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 10**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр
**9.00** ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 ирокъу. «Тщымыгъупщэн папщIэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.20** «Ди щIэин» (адыгэбзэкIэ)
**11.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.45** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «Жангылыкъла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**14.30, 17.30, 19.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр
**18.15** «ЦIыху къызэрыгуэкIхэр»
**18.35** «Хъыбар къызэрыгуэкIхэр»
**19.00** «Зэманым и лъэужь»

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 11**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр
**11.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.45** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «Жангылыкъла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**14.30, 17.30, 19.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр
**18.15** «ЦIыхумрэ зэманымрэ» (балъкъэыбзэкIэ)
**18.45** «Вдох. Выдох»
**19.05** «Унагъуэ альбом»

**Махуэку, щэкIуэгъуэм и 12**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр
**9.00** ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 ирокъу. «Тщымыгъупщэн папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**9.35** «Зэчиймрэ IэпщIэлъапщIагъэмрэ». УФ-м щIыхь зиIэ и артист Кучуков Магомед (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.45** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «Жангылыкъла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**14.30, 17.30, 19.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр
**18.15** КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэс 98-рэ щрикъум ирихьэлIэу
**18.30** КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Бэрсокъуэ Еленэ
**19.00** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей» (адыгэбзэкIэ)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 13**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр
**11.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.45** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр. «Жангылыкъла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**14.30, 19.35** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр
**17.30** ЩIыпIэ зэман. Кавказ Ищхъэрэм щыхъыбархэр
**18.15** «Пэшым екIу сурэт»
**18.30** «Макъамэм и лъахэ»
**19.00** «Псэм къыбгъэдэкI псалъэмакъ»

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 14**

**8.10, 11.10, 14.20** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр
**8.20** Макъамэ нэтын
**8.50** «ВОЯЖ»

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 15**

**10.20** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»




● Псалъэжьхэр

# КIуэм и гъуэгу хощI

♦ЖармыкIэм къыщыхъуар жармыкIэм щызэхэкIыжынщ.
♦Мысэр малъэри, хейм и лъакъуэр щIеуд.
♦Мыублэ мыхъумэ, мыух щыIэкъым.
♦Псалъэ лейм баш лей даIэтыркъым.
♦Уи гуащIэ еплъи уи лъэ гъэбакъуэ.
♦Хэплъыхь Iыхьэншэщ.
♦ГъунэгъуфI - къуэшыфI пэлъытэщ.
♦КIуэм и гъуэгу хощI.
♦Дадэм щIыгъур нанэщи, нанэм щIыгъур дадэщ.
♦ЗэхэкIыр губжьым къыхокI.
♦Къуэр напщIэщ, пхъур набдзэщ.
♦Дзыхь зыхуумыщI щыкъур мэкъутэ.
♦Захуэ жыIэныр нэ ищIыным хуэдэщ.
♦Зил мыузым игу узыркъым.
♦Зумыхьэри уимыIэри зыщ.


Бжьыхьэ дыщафэ.
*Сурэтыр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Теплъэгъуэхэр

● ФщIэну щхьэпэщ

## ХьэщIэхэмрэ лъагъуныгъэмрэ

Бзылъхугъэр куэбжэпэм къыдэкIауэ лIыжь жьакIэхуищ къилъэгъуащ.

- ФызмыцIыхуми фыгъуэгурыкIуэщ, фыкъэмэжэлIахъунщ, фыкъеблагъэ, фезгъэдзэкъэнщ, - захуигъэзащ абыхэм бзылъхугъэм.

- Уи щхьэгъусэр щIэс? - щIэупщIащ лIыжьхэр.

- Хьэуэ.

- Абы щыгъуэм дынышщIыхьэнкъым.

ЦIыхубзым и щхьэгъусэр пщыхьэщхьэм къекIуэлIэжа нэужь, махуэм къэхъуар хуиIуэтэжащ.

- КIуэи иджыри абдеж щытыжу щытмэ, сызэрыщIэсыр яжеIи къегъэблагъэ, - жиIащ лIым.

Бзылъхугъэр къыдэкIри, щыри иригъэблэгъащ.

- Дэ псори дызэгъусэу фи унэм дынышщIыхьэфынукъым, - жаIащ дадэ жьакIэхухэм.

- Ар сыт щхьэкIэ?

Зыр къопсалъэри жеIэ:

- Мобы и цIэр Беижьщ, адрейм зэреджэр ЕхъулIэныгъэщ, сэ сы-Лъагъуныгъэщ. Иджы кIуэи щIыхьэжи, уи щхьэгъусэм ечэнджэщ дэ тщыщу фи унагъуэм нихьэну фызыхуеймкIэ.

ЦIыхубзыр щIыхьэжри и лIым жриIэжащ.

- Сыту фIыт, - жиIащ щIалэм. - Дыхэдэн хуей щыхъуакIэ, Беижьыр къедгъэблэгъэнщи, дызыхущыщIэ щымыIэу дыпсэунщ.

Бзылъхугъэм ар идэркъым:

- ЕхъулIэныгъэр къедгъэблагъэмэ, нэхъыфIу сопль!

А псалъэмакъыр зэхэзыха пщащэр и пэшым къыщIэкIри, и адэ-анэм захуигъэзащ:

- Лъагъуныгъэр къыщIэдгъэхьэмэ, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, дызэхуэгумащIэу дызэдэпсэунтэкъэ?!

- Пэжщ, ди хъыджэбзым жиIэр, - пиупщIащ лIым. - КIуэи Лъагъуныгъэр ди деж щыпсэуну къегъэблагъэ.

Бзылъхугъэр куэбжэпэм къыдэкIри:

- Дэтхэнэра Лъагъуныгъэр? Аращ едгъэблэгъэну дызэрызэгурыIуар.

Лъагъуныгъэр къыщытэджым адрей лIыжьитIри къыбгъурыуваэ къокIуэ.

Ар зыгъэщIагъуэ цIыхубзыр щIэупщIащ:

- Щыри зэгъусэу зыщIыпIи фыщIэмыхьэу жыфIащ, иджы сыт къэхъуар?

ЛIыжьхэм ящыщ зым жеIэ:

- Фэ Беижьыр е ЕхъулIэныгъэр евгъэблэгъауэ щытамэ, тIур уэрамым дыкъыдэнэнут, Лъагъуныгъэращ фи унагъуэ ихьэну зыхуэвгъэфэщари - дэ ар зэи тпэIэщIэ тщIыркъым, дригъусэщ.

Лъагъуныгъэ здэщыIэм къулеигъэри ехъулIэныгъэри щыIэщ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

● Нэщэнэхэр

## Зэи баш здумыщтэ

**● Iуащхьэмахуэ пшагъуалъэмэ, уэлбанэ пэплъэщ.**
**● Щхьэц налъэ тхъуа къыхэпчыну фIыкъым.**
**● Япэу къеших уэшхым щыщ йоIуб, уэ къехми яшхырт.**
**● ЩхьэцыкIэ зэрадзэркъым, насыпым зызэридзэнущи.**
**● Iэщ щысыр елъэпауэу къагъэтэджыркъым.**
**● Ухъыджэбзу, уи лъэгу шхэмэ, укъэфэнущ.**
**● Iуэху уиIэу уежьэнумэ, зэи баш здумыщтэ.**

● Литературэм и илъэс

# УсакIуэшхуэм и щIыхькIэ


ЩоджэнцIыкIу Леонид и тыгъэ.

**2015 гъэр Урысейм Литературэм и илъэсу зэрыщагъэувам и щIыхькIэ БизнесымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щекIуэкIащ къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 115-рэ ирикъу, иджырей адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ къызэрагъэпэща зэпеуэ. КъБР-м и школакIуэ куэд зыхэта зэхьэзэхуэр Iыхьитlу гуэшауэ щытащ.**

Япэм 9 - 11-нэ классхэм щеджэхэр сочиненэкIэ щызэпеуащ. Абы къагъэхьа лэжьыгъи 170-м ящыщу 70-р етIуанэ Iыхьэм хэтыну Iэмал ягъуэтащ. КъэпщытакIуэ гупым хагъэхьат литературэ лэжьакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр.

ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и творчествэмрэ теухуа упщIэхэм жэуап иратащ, и усэхэм гъэхуауэ къеджащ зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм хэта ныбжьыщIэхэр. Абы «Гран-при» къыщихьащ ЯтIэкъуэ къуажэ школым и 10-нэ классым щеджэ **УнэшхуэлI Радимэ**. Ар зэпеуэм хуигъэхьэзыращ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ езыгъаджэ **Къардэн Зухра**. Япэ увыпIэр хуагъэфэщащ ЛашкIутIэ къуажэм щыщ, 10-нэ классым и еджакIуэ **Настаевэ Альбинэ** (и егъэджакIуэр **Ахматовэ Маринэщ**). ЕтIуанэ хъуащ Хьэбэз щыщ **Малкаров Мухьэмэт** (зыгъэхьэзырар **Бад Жаннетэщ**). Ещанэ увыпIэр къылъысащ Тэрч къалэм дэт лицей №1-м щеджэ **Шэрий ФатIимэ**. ЕхъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьа ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ тыгъэхэр яритащ «Л'Этуаль» тыкуэным и унафэщI **Гочияевэ Бэллэ**. Бэллэ езыр щеджащ БизнесымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым. Гран-при къэзыхьам тыгъэ щхьэхуэ хуищIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI **ЩоджэнцIыкIу Леонид**.

УпщIэ-жэуапхэр яуха нэужь, еджакIуэхэр къеджащ ЩоджэнцIыкIу Алий и усэхэм, «Мадинэ» поэмэм, «Къамботрэ Лацэрэ» романым щыщ пычыгъуэхэм. А Iыхьэм къыщыхагъэщащ Къармэхьэблэ дэт школ №2-м и еджакIуэ **Вэрокъуэ ФатIимэ**. И егъэджакIуэр **Шэру ФатIимэщ**.

Институтым и ректор **Хъурей Феликс** фIыщIэ яхуищIащ Iуэхум зи гуащIэ хэзылъхьахэм, школакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, зэпеуэр езыгъэкIуэкIа, институтым зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Кумыщ Оксанэ, тыгъэкIэ текIуахэм яхуэупса Гочиевэ Бэллэ сымэ.

- Iуэхур сыт и лъэныкъуэкIи къыдэхъулIауэ къызолъытэ. Сабийхэм я зэфIэкIрэ я акъылым и жанагъымрэ къагъэлъэгъуащ. Псом хуэмыдэу сигу дыхьащ ныбжьыщIэхэр усэ къызэреджар. Сыхуейт ди щIэблэр нэхъри гушхуауэ, жыджэру щытыну, - жиIащ ректорым. Абы къирихьэлIахэм хъыбар яригъэщIащ къыкIэлъыкIуэу институтым «Открытая планета» зи фIэщыгъэ зэпеуэр къызэрыхилъхьэм теухуауэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Шхыныгъуэхэр

### Дзасэкlэ гъэжьа мэлыл

Мэлылыр яупщIатэ г 30 - 35-рэ я хьэлъагъыурэ, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, дзэху тепщэчым иралъхьэ, яшу, шыбжий хаудэ, бжьын ущэба халъхьэри, фIыуэ зэIащIэ. Абы, зэIащIэурэ, къундэпсо щIыIэ щIакIэ, и щхьэр трапIэжри, щIыIапIэ ягъэуври нэху кърагъэкI. А зэманым лыр зэтIэу зэIащIэ. Лыр ягъэжьэн и пэ къихуэу, къундэпсор щIагъэж, лыр Iэнэ гъущэм е пхъэбгъум тракIутэри абы кIэрыпщIахэр къыкIэрах икIи ягъэжэпхъ. Лы тыкъыр жэпхъахэр дзасэм фIалъхьэри, мафIэ дэпкIэ хьэзыр хъуху ягъажьэ. Лы жьар тхъуэплъ дахэу, мэ гуакIуи къыхихыу щытын хуейщ. Пщтыру Iэнэм трагъэувэ. ЩIакхъуэ, чыржын, хьэлIамэ дашх.

**Халъхьэхэр** *(цIыхуиплI Iыхьэ):*

мэлыл лыпцIэу - г 1200,
къундэпсоуэ - г 2000,
бжьыныщхьэ ущэбауэ - г 100,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

### КIэртIоф цIывынэкIэ щIа хьэнтхъупс

Шыуаным псы щIыIэ ирагъэжыхь, шэ щIэмыху иракIэ, шыгъу хадзэри зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. БэлагъкIэ зэIащIэурэ абы кIэртIоф цIывынэр хакIутэ. МафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум къытрахыжри, бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапIэри дакъикъитху-хыкIэ щагъэт. Iэнэм фалъэкIэ трагъэувэ, шатэ хэкIауэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

**Халъхьэхэр** *(цIыхуитI Iыхьэ):*

шэ щIэмыхуу - г 1400,
кIэртIоф укъэбзауэ - г 300,
гуэдз хьэжыгъэу - г 60,
джэдыкIэу - 1,
тхъуцIынэу - г 30,
шатэу - г 50,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.
*бжьын гъэлыбжьам:*
тхъууэ - г 30,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40,
шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Жэмыр бгым щыхуати, ар гъуэгащ, жи, «сэ къыдызагъэлъэфыжынущ» жери. **7**. ТхьэкIумэкIыхьым фIыуэ илъагъу хадэхэкI. **8**. А удзым уемыIусэ, укъисынщ. **9**. ... и щIагъ нанэ щыIэкъым. **10**. Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкIыжа е кърагъэкIыжа цIыхубз. **11**. МафIэсышхуэ. **12**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **15**. ... зиIэм кIэи иIэщ. **16**. Тэрч районым щыщ нартыхугъэкI цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **17**. Пасэм адыгэхэм я унащхьэр зэрагъэбыдэу щыта. **22**. Зи нэхэр кууэ ис цIыху. **23**. ЩIалэжь цIыкIу гуп зэрыфыщIати, зым и ... хущIаудащ. **24**. Адыгэ уэрэджыIакIуэ бзылъхугъэ Хьэрэдурэ ... **25**. Ежьауэ гъуэгу тетым фIэхъус ирах « ... апщий!» **27**. Пасэрей фоч. **29**. ... пыIэ. **31**. Iэщ зезыхуэм, хадэ зиIэм и Iэмэпсымэ. **32**. «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр ... пхылъэту щытыгъакъым»- ЩоджэнцIыкIу Алий и IэдакъэщIэкI «Къамботрэ Лацэрэ» романым щыщщ. **34**. Джэд лъакъуэрэ ... лъакъуэрэ зыубыда щыIэкъым. **36**. Адыгэ къэфэкIэ. **37**. Щыхупlэ, ехыпIэ задэ. **39**. Выр гум зэрыщIащIэ пхъэ. **40**. ... имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **41**. Уэ хуэдэ сещэмэ, щэ ... **42**. БгитI зэхуаку. **43**. Спорт зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэр къыщызыхьам ... медаль иратащ.

***Къехыу:*** **1**. ... къанэри щIэупщIакIуэр лIащ. **2**. Хадэм зэрилэжьыхь Iэмэпсымэ. **4**. Iэлъын, тхьэгъу хуэдэхэм ирагъэтIысхьэ мывэ. **5**. Ди жэмым зы мэкъу ... хуэзгъэтIылъащ. **6**. Къыдалъхуауэ, цIыхум и щIыфэм хэс. **13**. Фэбжь, уIэгъэ ... . **14**. ... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **16**. Вакъэдыж Iэмэпсымэ. **18**. Бжэныфэм къыхэщIыкIа къэп. **19**. Зэщхьэгъусэхэр, я бынхэр. **20**. МацIэм хэуэри ... закъуэр хиукIыкIащ. **21**. Шым и кIуэкIэ. **26**. ... мафIэкIэ гъэжьа лыр нэхъ IэфI мэхъу. **27**. Аруан районым хиубыдэ «помидор къуажэ». **28**. Адыгэ джэгуакIуэшхуэу щыта Агънокъуэ ... **29**. Фызыр и лIым хуогъынанэ: «Къызэплъыт, ... сщичын сщыгъкъым, сыщыгъыныджэщ». **30**. Iэ тегъэщIапIэ зиIэ шэнт щабэ. **33**. ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъуэшхуэ. **35**. IэпапIэу къытещу, щIалэ цIыкIум и джанэр ... хъуащ. **38**. «Шы ... къарэ лъэ псыгъуэм уи фэр изоплъри ...» - Къэжэр Индрис и уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **40**. Iэщ цIыкIу щIэжьей.



*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Жэпуэгъуэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Хамэгу. **7**. КъыпцIэ. **9**. Къуэгъурэ. **10**. Нэрыгъ. **11**. Мылыф. **12**. Уэху. **14**. Бо. **15**. Уд. **18**. Хъуэхъу. **21**. Ныш. **22**. Куба. **23**. Уанэ. **26**. Кумб. **27**. Ахърэт. **28**. Екъум. **33**. Узыр. **34**. Еплъи. **35**. Сом. **37**. Мэкъу. **38**. Гулъ. **39**. Ер. **40**. Хьэм. **42**. Къэдэр. **43**. Бжэгъуу. **45**. ПщIащэ. **46**. Нэгумэ. **47**. Пхъэпс.

***Къехыу:*** **1**. Ахын. **2**. Хьэрф. **4**. Мэрзэхъу. **5**. Джэду. **6**. Урыху. **8**. Пелуан. **13**. Ахъуэхъу. **14**. Брул. **16**. Данэ. **17**. Кушыку. **19**. Малъхъэрэ. **20**. Бумэзей. **24**. Умэ. **25**. Акъужь. **29**. Къесу. **30**. Бзэгу. **31**. Плъыр. **32**. Закъуэ. **36**. Мэздэгу. **37**. Мыхьэнэ. **40**. ХьэщIэ. **41**. Мыщэ. **42**. Къанж. **44**. Уасэ.

● Фигу къыдогъэкIыж

# Хъуэхъу-сэламхэр

**Адыгэ хъуэхъу-сэламхэр зыбжанэу зэтегъэпщIыкIащ. Хъуэхъу-сэламыр цIыхур зэлэжьу зыпэрыт IэнатIэм теухуащ. Сэлам хъуэхъур зытыр бгъэдыхьарщ, къеIызыхыу жэуапыр зытыжыр лэжьыгъэ зыщIэу IэнатIэм пэрытырщ. Абы къыхэкIыу адыгэм лэжьыгъэм тещIыхьа сэлам тыкIэ зэхуэмыдэхэри иIащ.**

ЗЫБГЪЭДЫХЬАР вэуэ ирихьэлIамэ:

- Бов апщий! - жреIэ. Абы къикIыр - «увэм къытекIэр бэв Тхьэм ищI!» - жыхуиIэщ.

- Бэв хъун Тхьэм къуит, фIыкIэ пшхыжыну! - къыжреIэж.

Зыбгъэдыхьар мэкъу еуэу, гуэдз е мэш къихыу, нартыху къыдичу ирихьэлIамэ:

- Шхуошх апщий! - жреIэ. Абы къикIыр - «еншэу ушх!» - жиIэу аращ.

- Еншэу пшхын Тхьэм къуит! - къыжреIэж. Зыгуэр къищэхуу ирихьэлIамэ:

- Хьер пхухъу е угъурлы тхьэм пхуищI! - жреIэ.

- Хьер хъун Тхьэм къуит! - къыжреIэж.

Зэхъуэхъуар нэхъыжьмэ, «жьыщхьэ махуэ ухъу!» - жеIэри дыщIегъу.

Ехъуэхъур нэхъыщIэмэ:

- НасыпыфIэ ухъу! - жеIэри дыщIегъу. Зыгуэр ищэу ирихьэлIамэ:

- УасафIэ Тхьэм пхуищI! - жреIэ. Ари ехъуэхъуам и ныбжь елъытакIэ къохъуэхъуж.

Зыбгъэдыхьар Iэщыхъуэу е Iэщ щаIыгъ уэтэру щытмэ:

- Бохъу апщий! - жреIэ. Абы къикIыр - «уи Iэщыр Тхьэм пхуигъэбагъуэ, куэд Тхьэм пхуищI, - жыхуиIэщ. - Куэд хъун Тхьэм къуит! - къыжреIэж. Зыбгъэдыхьар Iуэуэ хьэмым тетмэ:

- Хьэмбов апщий! - жеIэ.

- Бэв хъун Тхьэм къуит! - къыжреIэж.

Iэщ гуэр иукIыу е зэIихыу ирихьэлIамэ:

- ФIыкIэ фышх е фIыкIэ Тхьэм фигъэшх! - жреIэ.

- ФIыкIэ пшхын Тхьэм къуит! Еблагъэ, ди ныш хьэзырщ! - къыжреIэж.

Гуп уэршэрым ябгъэдыхьамэ:

- Уэршэр фIохъу апщий! - яжреIэ.

- Тхьэр арэзы къыпхухъу, къеблагъэ, удгъэуэршэрынщ! - къыжраIэж.

Пщэдджыжьым зэрихьэлIамэ:

- Пщэдджыжь фIохъу апщий! - жреIэ.

- ПщэдджыжьыфI Тхьэм къуит! - къыжреIэж.

Махуэу зэрихьэлIамэ:

- Уи махуэ фIы ухъу! - жеIэ.

- МахуэфI Тхьэм къуит! - къыжреIэж.

Пщыхьэщхьэу зэрихьэлIамэ:

- Пщыхьэщхьэ фIохъу апщий! - жреIэ.

- ПщыхьэщхьэфI Тхьэм къуит! - къыжреIэж.

ИлъэсыщIэр къихьауэ щызэхуэзэкIэ:

- ЕтIанэгъэм фIыкIэ унэс, илъэсыщIэр угъурлы Тхьэм пхуищI! - жаIэри зохъуэхъухэр.

ПщIыхьэпIэ зылъэгъуам пщэдджыжьым гу нэщIу и пщIыхьэпIэр иIуатэркъым.

ПщIыхьэпIэ слъэгъуащ,- жиIэмэ;

- Хьер ухъу, уи пщIыхьэпIэр! - жраIэ.

ЩакIуэу губгъуэм итым ирихьэлIамэ:

- Хьэкъуэж апщий! - жраIэ.

- Си хьэм къуэжар Тхьэм къуит,- къыжреIэж. КъищэкIуаIауэ кърихьэлIамэ, зыдегъэгуашэ.

IуэхуншитI зэрихьэлIамэ, нэхъыщIэм: - Уи махуэ фIы ухъу! - жеIэ.

- МахуэфI Тхьэм къуит! - къыжреIэж.

Гуп уэршэрым яблэкI лIы гъуэгурыкIуэм:

- Сэлам алейкум! - яжреIэ. «Сэламым» къикIыр «Къайгъэншэу, мамыру фыпсэу!» жыхуиIэщ, езыр хьэрып псалъэщ.

- Уахьэлекум сэлам! - къыжраIэж. «Уэри мамыру Тхьэм уигъэпсэу» жыхуаIэщ.

Пщыхьэщхьэм гъунэгъум е хамэ унагъуэ щIэсауэ къыщыщIэкIыжкIэ:

- НэхулъэфI фыкъикI! - яжреIэ.

- Уэри укъикI, жьыщхьэ махуэ ухъу е насыпыфIэ ухъу! - жраIэ и ныбжьым елъытауэ.

● Ущие

## ДыгъужьитI

Зэгуэрым лIыжьым и къуэрылъхум жреIэ:

- ЦIыху къэс и хьэлым зэпэщIэуэ-зэныкъуэкъу лъэныкъуитI иIэщ. Ар ещхьщ сыт щыгъуи зэрыш дыгъужьитIым. Зы дыгъужьым къегъэлъагъуэ цIыхум Iейуэ хэлъыр - фыгъуэр, щхьэхуещагъэр, пцIыр... Адрей дыгъужьым къегъэлъагъуэ фIыр - мамырыгъэр, лъагъуныгъэр, гугъэр, пэжыр, гуапагъэр...

ЗаулкIэ хэгупсысыхьауэ щыса къуэрылъхур, зэуэ къыдэплъейри, щIэупщIащ:

- Дадэ, дэтхэнэ дыгъужьра икIэм-икIэжым текIуэр?

- Уэ бгъашхэ, уэ ппIы дыгъужьыр Iэмал имыIэу текIуэнущ,- жиIащ лIыжьым.

● Юбилей



# Адыгэхэр зыгъэгушхуэ еджапIэ

**Жэпуэгъуэм и зы тхьэмахуэр гуфIэгъуэу ирихащ Адыгэ Республикэм и къэрал университетым. Абы игъэлъэпIащ къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур. Махуэ зыбжанэкIэ екIуэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтащ хамэ къэрал куэдым, гъунэгъу хэгъуэгухэм къикIа щIэныгъэлIхэр, къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр. Зы тхьэмахуэм къриубыдэу АКъУ-м игъэлъэгъуащ къикIуа гъуэгуанэ мыкIэщIым ехъулIэныгъэ щызыIэригъэхьахэр, экономикэм, щэнхабзэм, филологием, узыншагъэр хъумэным, ухуэныгъэм, нэгъуэщIхэми хуигъэхьэзыра IэщIагъэлIхэм нобэ къэралым щаIэ къулыкъуухэр, иригъэкIуэкIа щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къапэкIуахэр.**

МАХУЭ зыбжанэкIэ университетым щекIуэкIащ дунейпсо, урысейпсо щIэныгъэ конференцхэр. Абыхэм хэтащ, лекцэхэм къеджащ дунейм щынэхъ пашэу къалъытэ университет цIэрыIуэхэм я щIэныгъэлIхэр, апхуэдэ еджапIэхэм щылажьэ, университет зыбжанэм я профессор адыгэ щIалэхэр.

ЦIыхушхуэ кърихьэлIэу, АР-м и Iэтащхьэ **ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий**, Сирие Хьэрып Республикэм и лIыкIуэу Урысейм щыIэ **Хаддад Риад**, абы и щхьэгъусэ **Абдул-Уахьид Нухьэ**, Мейкъуапэ къэрал технологие университетым и ректор **Къуиижь Саидэ**, Москва и педагогикэ къэрал университетым и унафэщI **Семёнов Алексей**, Тыркум щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэм, Урысейм щыщ хэгъуэгухэм къикIахэр хэту АКъУ-м и ухуэныгъэщIэхэр къызэIуахащ. Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ студент общежитымрэ еджапIэм и поликлиникэмрэ. Федеральнэ мылъкукIэ зыхуей хуагъэза поликлиникэм кабинетыщIэхэр иIэ хъуащ, УЗИ, ЭКГ щащIынущ, кардиологи щылэжьэнущ. АР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм яхухиха мылъкумкIэ сом мелуани 3,3-рэ и уасэ медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ компьютерхэмрэ къащэхури щIагъэуващ. Абы медицинэ Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэнущ студент мини 10-м. Общежитым гъуэлъыпIи 180-рэ щIэтщ, зыщыбгъэпсэхун, ущеджэн пэш хэтщ. ГъуэлъыпIитI-щы зыщIэт пэшхэр къабзэщ, тыншщ. Абы щыпсэунущ хамэ къэралхэм къикIа студентхэри - апхуэдэу АКъУ-м цIыху 600 щоджэ.

Адыгэ къэрал университетым и мызакъуэу республикэ псом дежкIэ тыгъэшхуэт махуэшхуэм ирихьэлIэу къызэIуаха, тренер цIэрыIуэ Куэблэ Екъуб и цIэр зыфIаща СпортымкIэ уардэунэри. Сом мелуан 640-рэ зытрагъэкIуэда ухуэныгъэр илъэси 3,5-м къриубыдэу ящIащ, ар метр зэбгъузэнатIэ мин 13 мэхъу.

ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрийрэ республикэм щыхьэщIэ Хаддад Риадрэ лентI плъыжьыр зэпаупщIа нэужь, хьэщIэхэмрэ студентхэмрэ уардэунэр къаплъыхьащ икIи абы къыщызэрагъэпэща макъамэ-спорт теплъэгъуэхэм ирагъэблэгъащ.

СпортымкIэ уардэунэр къызэрызэIуахам щхьэкIэ къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ АР-м и Iэтащхьэр икIи жиIащ ар АКъУ-м и студентхэм я мызакъуэу, республикэрысхэм я дежкIи сэбэп хъуну, хэгъуэгум и спорт гъащIэм зригъэужьыну зэрыщыгугъыр.

- Мы спорт комплексыр сэбэп хъунущ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ адэкIи зегъэужьынымкIэ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэр, щIалэгъуалэ зэхыхьэхэр ди республикэм щедгъэкIуэкIынымкIэ, - жиIащ ТхьэкIушынэм. - Хуабжьу захуагъэщ уардэунэм адыгэ лъэпкъым и къуэ пажэхэм ящыщ Куэблэ Екъуб и цIэр зэрыфIащар. ДзюдомкIэ дуней псом пщIэшхуэ щызиIэ спортсмент ар, XX лIэщIыгъуэм Урысейм дзюдомкIэ тренер нэхъыфI щыхъуат. Екъуб игъэсащ Олимп Джэгухэм, дунейпсо, европэ турнир зэмылIэужьыгъуэхэм я чемпионхэр. Ди къуэшрат дзюдомкIэ япэ дыдэ совет олимп чемпион хъуа Невзоров Владимири зыгъэсар. Абы и фIыгъэкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуат самбомрэ дзюдомкIэ Мейкъуапэ и гъэсапIэхэр.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ СХьР-м и лIыкIуэу Урысейм щыIэ Хаддад Риад икIи къыхигъэщащ спорт ехъулIэныгъэ куэд зиIэну щIалэгъуалэ уардэунэм щагъэсэну зэригуапэр. АКъУ-м и ректор Хъунэгу Рашид къыщыпсалъэм фIыщIэ яхуищIащ УФ-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэм, уардэунэр ухуэным зи гуащIэ, зи мылъку хэзылъхьа псоми.

ЗэIущIэм хуагъэхьэзыра махуэшхуэм макъамэ дахэм щIэту зыкъыщагъэлъэгъуащ Адыгейм и щIалэгъуалэм. АКъУ-м, АР-м, УФ-м я бэракъхэр хуарзэу къызэкъуахат студентхэм, Iэгуауэшхуэ хуаIэту утыкум кърагъэблагъэрт республикэм, къэралым щыцIэрыIуэ спортсменхэр, дунейпсо, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм пашэныгъэ къыщызыхьахэр, спортым и мастерхэр. Гимнастхэм, акробатхэм, спортым и лIэужьыгъуэ куэдым дихьэххэм дахэу зыкъагъэлъэгъуащ а махуэм икIи дэтхэнэ зыми и гур хэхъуауэ къыщIэкIыжащ къатибгъуу зэтет уардэунэм.

ХьэщIэхэм адэкIэ къапэплъэрт АКъУ-м и ЩIэныгъэлIхэм я советым и зэхыхьэр. Ар АР-м и Къэрал филармонием щекIуэкIащ. ЗэIущIэр яублащ университетым теухуа документальнэ фильм кIэщIкIэ. Утыкум къихьэурэ хъуэхъу псалъэкIэ къызэхуэсахэм зыхуагъазэрт къэрал, хэгъуэгу зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа профессорхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм я лIыкIуэхэм, хьэрычэтыщIэхэм. АР-м и Iэтащхьэ, АКъУ-м щеджа ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий ехъуэхъуащ университетым и лэжьакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ икIи республикэми къэралми я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIыр жиIащ.

Республикэм и университет нэхъыжь дыдэм хъуэхъу телеграммэхэр къыхуагъэхьащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм щыIэ Устинов Владимир, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Нарышкин Сергей, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэ Умаханов Ильяс, УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Ливанов Дмитрий, Нобель и саугъэтым и лауреат Алфёров Жорес, дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрий, Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм хыхьэ хэгъуэгухэм я Iэтащхьэхэм, нэгъуэщIхэми. Университетым псалъэ гуапэ хужаIащ, я лэжьэгъу Хъунэгу Рашид утыкум щехъуэхъуащ ИФЩI-м, КИФЩI-м, Абхъазым я къэрал университетхэм я ректорхэр, езы университетыр къэзыуха, иджы профессор цIэрыIуэ хъуауэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэхэр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Нэхей Тамарэ**, УФ-м и цIыхубэ артист **Тут Заур**, пшынауэ Iэзэ **ЛIыбзу Аслъэн**, уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэм.

Республикэм ис щIалэгъуалэм папщIэ концерт щагъэлъэгъуащ АР-м и Правительствэм и гупэм щыIэ утым. Абы хэтащ АКъУ-м лъэпкъ къафэмкIэ и «Нарт» ансамблыр, «Арт-Ритон» студент музыкэ театрыр, нэгъуэщI куэди. Махуэшхуэм и саугъэт лъапIэу къащыхъуащ АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист **Къэзан Сэтэней** къазэрыхуеблэгъар.

Адыгэ къэрал университетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 75-рэ зэрырикъуам иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм я кIэух телъыджэ хъуат уэгум зэщIэпщIыпщIэу ираутIыпщхьа хьэрэкIытIэхэр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



Спорт уардэунэр къызэIуах ректор Хъунэгу Рашид, Адыгейм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий, Сирием и лIыкIуэ Хаддад Риад сымэ.





Нэхей Тамарэ





Тут Заур

# Университетым и къежьапIэмрэ нобэ иIэ ехъулIэныгъэхэмрэ

**1940 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м РСФСР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым и унафэкIэ Мейкъуапэ къалэ къыщызэIуахауэ щытащ ЕгъэджакIуэ институт.**

МИС а махуэрщ Адыгейм и еджапIэ нэхъыщхьэм къежьапIэ хуэхъур. Абы и къалэнт Адыгэ автоном областым ит щIэныгъэ Iуэхущ IапIэхэр егъэджакIуэкIэ къызэригъэпэщыну. 1939 гъэм школхэм щезыгъаджэхэм я процент 67-м педагогикэ щIэныгъэ яIэтэкъыми, къуажэхэм - илъэсибл еджапIэхэр, къалэм - илъэсипщI школыр щыпхуэгъэлэжьэнутэкъым. ЩIэуэ къызэIуаха еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмрэ хурагъэджэну цIыху 60 къащтауэ щытащ. Абы щыгъуэм кафедрищ здэщыIэ институтым цIыху 14 щылажьэрт. 1941 гъэм институтым иджыри зы къудамэ къыщызэIуахащ - физикэмрэ математикэмрэ щрагъэджу.

Институтыр къызэрызэIуахрэ зы илъэс фIэкIа дэмыкIауэ Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Зауэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ фронтым Iухьат институтым и унафэщIри, абы и къуэдзэри, егъэджакIуэ зыбжани, студенти. Иджыпсту абыхэм я цIэр зытет фэеплъ дэтщ АКъУ-м.

Гугъуехьхэм емылъытауэ, 1943 гъэм аргуэру студентыщIэхэр къищтащ институтым, а гъэм и шыщхьэуIум егъэджакIуэ 55-рэ къыщIигъэкIауэ щытащ. Фронтым кIуа егъэджакIуэхэм я пIэ иуващ а IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр. А илъэсхэм институтым курсих щеджэрт, псори зэхэту студент 200 хъууэ. Зауэ нэужь илъэсхэри тыншу щытакъым: еджапIэм зегъэужьын хуейт, щIэблэм щIэныгъэ ябгъэдэзылъхьэфын IэщIагъэлIхэр ямыгъэхьэзырыныр Iэмал зимыIэт.

1945 гъэм Мейкъуапэ педагогикэ институтым къудамиплI иIэ хъуат: урысыбзэмрэ литературэмкIэ, физикэмрэ математикэмкIэ, биологиемрэ географиемкIэ, тхыдэмкIэ. Абы цIыху 357-рэ щIэст, заочнэ егъэджэкIи зэтраухуат.

Зауэ нэужь илъэсхэм институтым зиужьу хуежьащ. 1952 гъэм Правительствэм и унафэм тету ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтыр Адыгэ къэрал педагогикэ университет ящIащ.

1953 гъэм филологиемкIэ факультетым адыгэ къудамэ къыщызэIуахащ, 1954 гъэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедри къызэрагъэпэщащ. Студентхэр егъэджэнри, щIэныгъэм зегъэужьынри жыджэру екIуэкIырт, нэгъуэщI университетхэм ядэлэжьэн щIадзат. Ауэрэ 1963 гъэм инджылызыбзэмкIи къудамэ къызэIуахащ. А лъэхъэнэм ирихьэлIэу институтым цIыху мини 3,5-рэ щеджэрт. 60 гъэхэм институтым щылэжьэн щIадзащ Москварэ Ленинградрэ я аспирантурэхэр къэзыуха егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм.

70 гъэхэр лъэхъэнэ гукъинэжу щытащ институтым и дежкIэ. А илъэсхэм къатиплIу зэтет еджапIэ унэщIэ къызэIуахащ. Абы хэтт щышхэ, спортым хухаха, щеджэ, махуэшхуэхэр щрагъэкIуэкI пэшышхуэхэр. ЕджапIэ пэшхэр IэмэпсымэщIэхэмкIэ, унэлъащIэхэмкIэ къызэрагъэпэщу щIадзат. А лъэхъэнэм мащIэт зы сменэу фIэкIа щемыджэ IуэхущIапIэхэр, ауэ адыгэ институтыр абыхэм яхыхьащ, хамэ къалэ, къуажэ къикIхэр общежитхэмкIи къызэрагъэпэщащ.

Институтым куэдрэ къыхуагъэфэщащ РСФСР-м ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтынымкIэ и министерствэмрэ Егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я профсоюзым и республикэ комитетымрэ я Бэракъ Плъыжьыр. 70 гъэхэм аргуэру факультетиплI къызэIуахащ. 1979 гъэм институтым и факультетиблым егъэджакIуэ IэщIагъипщIымкIэ щIэныгъэ щызрагъэгъуэтырт студент мини 4-м, ахэр ирагъаджэрт 234-м, щIэныгъэхэм я кандидат, доктор цIэр абыхэм ящыщу 86-м яIэт.

1993 гъэм УФ-м и Президентым и УнафэкIэ Адыгэ къэрал педагогикэ институтыр Адыгэ къэрал университет ящIащ. Абы къикIыр еджапIэ нэхъыщхьэр гъуэгущIэ техьауэ, лъэпкъым, республикэм я дежкIэ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ Iуэху и пщэ къыдэхуауэ арат. Республикэм ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэми, Урысейм и ипщэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгухэми, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми щIэныгъэ гъуэгур зэрыпхашын Iэмал инт ар. Университет зыфIаща еджапIэр классикэ мардэм изэгъэн щхьэкIэ, абы щылажьэ дэтхэнэ зыри и гуащIэ еблэжакъым. Абыхэм я фIыгъэкIэ илъэс къэс нэхъ ефIакIуэу, зиужьурэ къэгъуэгурыкIуащ еджапIэр.

Нобэ Адыгэ къэрал университетыр Урысейм и Ипщэ щIыналъэм щыпашэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Ар иджы еджапIэ къудейкъым атIэ, щIэныгъэ, щэнхабзэ центр хъуащ, иджырей технологие, информационнэ лъабжьэ лъэщ зригъэпэщащ. Абы и илъэс 75-р егъэджакIуэ, лэжьакIуэ, студент щIэблэ куэдым я махуэшхуэщ. А илъэсхэм къриубыдэу университетым къыщIэкIащ IэщIагъэлI минипщI бжыгъэхэр, егъэджакIуэ, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ куэд. АКъУ-м и егъэджакIуэхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ я IэщIагъэм кууэ зэрыхащIыкIым, илъэс 75-рэ гъуэгуанэр къэзыкIуа еджапIэм и хабзэхэр нобэми зэрахъумэм, мы зэманым сыткIи дэхъу лъабжьэ быдэ зэриIэм, Урысей Ипщэм щынэхъ къулей библиотекэ зэрызэригъэпэщам я фIыгъэкIэ АКъУ-р еджапIэ нэхъыщхьэхэм я нэхъыфIхэм хабжэ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**







Адыгэ къэрал университетым и ректор Хъунэгу Рашид иратыжащ ДАХ-м и дыщэ медалыр. Абы бгъэдэтхэщ тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъырэ КъАХ-м и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ.

# ДАХ-м и саугъэт нэхъыщхьэр Хъунэгу Рашид хуагъэфащэ

**ЦIыху куэд кърихьэлIэу екIуэкI зэIущIэхэм къадэкIуэу, а махуэхэм хьэщIэ кIуапIэ хъуат ректоратыр. Псори хуейт илъэс 20-м щIигъуауэ АКъУ-м и Iуэхухэр иригъэфIакIуэу лажьэ ректорым ехъуэхъуну, я псалъэ гуапэ зыхрагъэхыну.**

ТХЬЭМАХУЭКIЭ екIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм я иужьрей махуэм Хъунэгу Рашид деж еблэгъащ УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **МэшбащIэ Исхьэкъ** зи пашэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ икIа лIыкIуэхэр. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIДАА-м и вице-президент **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** куэд щIауэ и ныбжьэгъу ректорым ехъуэхъуащ и зэфIэкIымрэ и узыншагъэмрэ кIэрымыхуу, и нэIэ щIэт IуэхущIапIэм зиужь зэпыту иджыри куэдрэ и IэнатIэм пэрытыну. Апхуэдэуи ДАХ-м и тхьэмадэм пщэрылъ къыщищIа къалэныр игъэзэщIащ. Илъэс куэд хъуауэ и IэщIагъэм зэрыхуэпэжым, республикэм и зыужьыныгъэм, АКъУ-р ипэкIэ гъэкIуэтэным хьэлэлу зэрыхуэлажьэм папщIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэт нэхъыщхьэмрэ щIыхь тхылъымрэ хуигъэфэщащ Хъунэгу Рашид.

Нэхъыжьхэр зэрызэбгъэдэса зэманым зытепсэлъыхьар университетым и фIыгъуэ зыхэлъ Iуэхухэрщ. Хъунэгу Рашид и хьэщIэхэр иригъэблэгъащ пщыхьэщхьэм Къэрал филармонием щекIуэкIыну зэхыхьэшхуэм.





# Урысыбзэр ныбжьэгъугъэм и бзэ хъуащ

**АКъУ-м и махуэшхуэр ядэзыIэта хьэщIэ нэхъ лъапIэхэм ящыщт Сирие Хьэрып Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм щыIэ Хаддад Риад. Ар Адыгейм щыщыIа махуэхэм АР-м и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрии АКъУ-м и ректор Хъунэгу Рашиди яхуэзащ, апхуэдэуи Сирием щыщу Адыгэ университетым щеджэ студентхэми яIущIащ. Апхуэдэ зэIущIэхэм ящыщ зым Риад щыжиIащ Сирием и школхэмрэ университетхэмрэ урысыбзэр щаджыныр къыхилъхьэну зэримурадыр, ар куэдым къызэрыдаIыгъыр.**

- УРЫСЕЙР ди къэралым къызэрыдэIэпыкъуам къишар ди цIыхухэм урысыбзэр зрагъэщIэну зэрыхуейм и закъуэкъым, атIэ урыс щэнхабзэми нэхъ гъунэгъуу зыщагъэгъуэзэну жэрдэм яIэ хъуащ, - жиIащ лIыкIуэм. - Урысыбзэр ди дежкIэ ныбжьэгъугъэм, дэIэпыкъуныгъэм я бзэ хъуащ. Абы и лъэныкъуэкIи сыт хуэдэ фи гулъытэри гуапэ тщыхъунущ.

Хъунэгу Рашид жиIащ АКъУ-м урысыбзэр щегъэджыным и пIалъэм фIы дыдэу зэрыщыхащIыкIыр, псом хуэмыдэу ар хамэ къэрал щыщ студентхэм егъэщIэнымкIэ щIэныгъэ методикэ зыбжанэ зэрызэхалъхьар, къищынэмыщIауэ, АКъУ-мрэ Дамаск университетымрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ зэрызэдэлажьэр. Хъунэгум гугъуехь гуэри пымылъу къилъытащ иджы урысыбзэр, урыс литературэр, Урысейм и щэнхабзэр джынымкIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэным.

- Абы щыгъуэм псалъэ сот Адыгэ къэрал университетымрэ Сирием ит щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэмрэ дяпэкIи зэдэлэжьэным сыхэлIыфIыхьыну, сирие студентхэр еджакIуэ АКъУ-м къакIуэу зэтеублэным си гуащIэ хэслъхьэну, - дыщIигъуащ Хаддад Риад.









Сирием къикIа хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ.
*Сурэтхэр* НэщIэпыджэ Замирэ *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.167
Заказ №1852